

# **Poukisa W Ap Rele Fò? Pale!**

**63-0714M**

**William Marrion Branham**

**Branham Tabernacle, Jeffersonville, IN, US**

1 Seyè a beni nou! Ann jis rete kanpe yon ti moman, pandan n ap bese tèt nou. Èske gen yon demann espesyal? Si w ta vle, kite yo konnen I lè w leve men w bay Bondye epi w di: "Seyè, ou konnen bezwen m".

2 Papa nou ki nan Syèl la, nou se vreman yon—yon pèp privileje maten an, pou nou reyini nan kay Bondye a, lè nou konnen gen anpil moun ki ta vle rete nan kay Bondye maten an, epi ki nan lopital ak sou kabann maladi. Epi Ou ban nou privilèj sa a pou nou isit la jodi a. Epi nou pa janm vini, Seyè, pou nou ka wè youn lòt, menmsi nou renmen fratènize youn ak lòt; men nou te kapab fè sa lakay nou. Men nou vin isit la pou nou kominye ak Sila a Ki mennen nou ansanm antan ke timoun ak frè byenneme.

3 Kounye a, nou di Ou mèsi. Epi sèl fason nou konnen pou nou kominye avè W kòrèkteman se alantou Pawòl Ou a. Pawòl Ou a se Laverite. Nou rasanble isit la pou fòs espirityèl. Nou bezwen li, Seyè. Nou dwe gen fòs pou n andire kwa nou pote yo. Epi nou priye pou W voye gran Sentespri a jodi a, epi pou W fòtifye nou tout. Akòde demann pèp Ou a pandan yo rasanble epi yo leve men yo ba Ou, paske yo bezwen bagay sa yo. Reponn yo chak, Seyè.

4 Nou remèsye Ou paske W te sove lavi Sè nou an Ungren yè swa, nan aksidan an sou wout la laba a. Ou te gen pitye pou yo, Seyè, e nou remèsye Ou pou sa. Epi kounyeya, nou priye, Papa nou ki nan Syèl la, pou w kontinye avèk nou epi pou w ede nou pandan n ap vwayaje, nou chak. Ban nou fòs Ou a k ap soutni nou ak lafwa pou konnen Prezans Ou p ap janm sispann demere avèk nou. Nan lè sa a kote nou pa ka ede tèt nou, nou konnen "Zanj Bondye yo kanpe bò kote moun ki gen krentif pou Li yo, e yo pral pote nou pou nou pa kase pye nou sou yon wòch." Epi nou priye kounye a pou W ban nou benediksyon Ou pou Pawòl la, epi pale atravè nou, epi nan nou, nan Non Jezikri. Amèn.

5 Mwen rekonesan pou solèy la k ap klere deyò a, limyè solèy la, k ap klere. Li te fè yon trè move tan maten an. E mwen panse, nan peyi sa a, espesyalman, nou sitèlman gen yon tan ki sonm epi mosad. Epi nou wè solèy la k ap briye, k ap soti, se trè bon.

6 Konsènan ti reyinyon fanmi an jodi a, mwen rankontre frè m yo, epi yo anwo a lakay sè m lan, ak kèk nan paran nou yo k ap viv nan vil la epi nan zòn lan. Gen yon gwo pakèt Branham. Si yo tout ansanm ta soti Kentucky, pou vin isit la, mwen devine nou ta dwe lwe vil la; yo sitèlman anpil. Men se jis yon ti retounen lakay. Nou tout te konn rankontre lakay manman, e li te jan de vye potodatach ki te kenbe nou ansanm. Men Bondye te pran potodatach la nan Syèl la, e mwen espere ke nou tout pral rankontre la yon jou.

7 E bon, mwen te pale lòt jou a, mwen te di: "Ou konnen, mwen kwè m pral—pral redui mesaj dimanch mwen yo de anviwon ven minit, e—e, oswa trant, epi answit m ap priye pou moun ki malad yo." E mwen te panse a sa maten an.

8 E mwen te panse yè swa, lè Sè Downing te rele m epi li te di sa, li te rele Billy e li te di ke li menm ak Sè Ungren sou wout yo te monte, yo te glise atravè wout la e li te fè yon kolizyon. E pandan Billy te toujou bò fenèt la, mwen pa konnen ki lè li te ye; petèt maten an, nenpòt moman. Mwen te dòmi yon bon ti moman. Mwen te gade lakay frè Wood, limyè yo te etenn. Epi mwen te jis mete ajenou pou m priye, epi lè m te fè sa, yon Bagay te jis di m: "Tout bagay anfòm." Kifè donk mwen te di Billy : "Di I, 'Tout bagay,' mwen te panse, 'pral vin anfòm.'" Mwen tèlman kontan wè yo maten an, epi yo chita nan kay Seyè a, isit la dèyè a apre yo fin pran wout la.

9 Pou wè gen moun ki renmen w anpil konsa, ke yo fè plizyè santèn kilomèt pou tande Levanjil la, alò mwen te panse: "Yon mesaj ki dire ven minit, epi pou jan mwen dousman, pa t ap bon." Kifè mwen te panse mwen ta jis...longè sa.

10 Kifè alò, mwen te tande frè Ungren, ptit gason l lan, maten an, k ap chante: "Ala Ou Gran." Li genyen...Sa vle di plis pou li maten an ke yè aprèmidi, paske gran Bondye nan Syèl la te epanye manman ak sè ki chè pou li a.

11 Kounye a, jodi a, nou espere pase yon trè bon tan nan Seyè a. E mwen te gen de oswa twa tèks diferan isit la ke mwen t ap gade, epi mwen pa t, pa t kapab kalkile jis sou kiyès mwen ta pale maten an. Youn nan yo se te: "Jete sousi w yo sou Li, paske Li pran sousi w yo pou ou. Kounye a, si Li pran sousi w yo, poukisa ou pa fè l oumenm?"

12 Kifè lòt la, se Billy Paul, oswa pa Billy Paul...Jozèf, lòt ptit gason m lan, te pote tèks sa a pou mwen sa gen lontan. Li te chita nan chann lan yon jou, epi li te di, antan l t ap gade nan direksyon foto a, epi Billy... Oswa, Joseph renmen bato anpil, tankou ti lòt ti gason yo; bato ak chwal, ou konnen. Epi li di m: "Papi, èske Jezi gen yon bato?"

Epi mwen di: "M pa konnen."

13 Konsa alò apre li te leve epi li te soti, mwen te rive panse : "Èske li gen yon bato?" Epi mwen te tire yon tèks apati de sa a, epi mwen te jis make li anba a la sou liv mwen an, "Èske Jezi gen yon bato?" Epi m te rive panse : "Lè Li te isit la sou tè a, Li te oblige prete yon matris pou L te fèt, yon tonm pou yo te antere L, yon bato pou L preche, men Li se Pilòt ansyen bato Siyon an." Se sèten. Men, a tèks sa yo ke mwen te panse a, m panse petèt mwen ta ka pran yo pita, anvan nou pati pou tounen.

14 Nou konnen, mwen renmen pale apati de tabènak la isi a, paske se pwòp legliz nou an. Nou santi nou lib pou nou di tou sa Sentespri a di. Nan lòt kote, menm si mesye a vle byen akeyi w, ou santi ou yon ti jan restrenn paske ke—ke ou nan legliz yon lòt moun, epi ou vle yon moun de byen ase pou respekte panse yo—yo ak doktrin yo.

15 Mwen te pase yon bon moman semèn sa a laba a lakay Frè Burcham. Epi mwen te antre nan faktori a kote yo te fè fwomaj la. Mwen wè li menm ak madanm li, ak ptit gason I ak lòt yo, yo preznan maten an. E mwen te toujou panse ke yon faktori fwomaj ta dwe yon bagay tankou lòt kote mwen te antre, o, kalite neglijans ak malpwòpte. O la la, mwen ka di yon sèl bagay, ou ka asire w ke plas sa pa sal. Sa se te kote ki pi pwòp mwen te janm antre, e sitou nan yon faktori. E mwen pa t reyalize. Mwen te panse : "O, petèt yo fè yon santèn de liv fwomaj pa jou." Epi yo fè sis tòn chak jou, ak twa nan faktori yo k ap fonksyone. Mwen te panse : "O la la, ki moun ki manje tout fwomaj sa yo?"

16 Men Seyè a beni nonm sa a. Mwen te gen privilèj pou m te lakay li, yon bèl kay, yon bon madanm konsakre. Epi pa gen okenn rezon ki fè yo pa ta dwe viv pou Kris chak jou, jan yo ap fè a. M te rankontre ptit gason I yo, e yo se timoun trè de byen. Nou tèlman rekonesan pou kominyon sa a ke nou genyen youn ak lòt.

17 M te dekouvri ansyen pastè yo a se yon—yon nonm ke mwen konnen, Frè Gurley, yon nonm de byen nan lafwa Pannkòt Ini, ke mwen te rankontre kèk ane de sa, nan Jonesboro, Arkansas. E li pa t konnen ke yo te...se te pastè li.

18 Bon sonje sèvis yo aswè a. Epi answit, si Seyè a vle, dimanch pwochen nou espere pale ankò. Epi answit mwen panse ke dimanch k ap vin apre a alò, mwen dwe ale nan Chicago. Answit mwen pral pati pou yon ti tan, mwen dwe mennen fanmi an tounen lakay, tounen, oswa tounen nan Arizona pou yo ka, pou timoun yo, ka enskri nan lekòl la ankò. E alò n ap sispann deranje pastè a, pran sèvis li yo.

19 Kidonk, nou trè rekonesan anvè Frè Neville pou ospitalite li, ou konnen, poutèt—poutèt li te envite m. Epi li sitèlman, non... Mwen renmen, frè, yon nonm konsa, kote pa gen riz, pa gen egojis, se jis Krisyanis otantik. Mwen renmen sa.

20 Kounye a nou pral li kèk pasaj nan Lekriti epi answit fè kèk kòmantè. E mwen pa konnen ojis ki lè nou pral soti, sou Mesaj long sa yo, men mwen panse... mwen t ap pale lòt jou pou jan m pale anpil pandan lontan, epi yon moun te di : "Ebyen, kounye a, si ou—si ou jis pale kèk minit; epi ou pale nan yon fason misterye, de tout fason," li te di, "nou—nou pa t ap janm kapab konprann li." Li di : "Jis kontinye pale, epi apre yon ti tan sa ap soti," li di. Se petèt konsa Seyè a vle nou fè l.

Ann jis bese tèt nou ankò.

21 Seyè, Pawòl Ou a louvri sou chè a, epi nou reyalize ke yon jou Li pral fèmen pou dènye fwa L, alò Pawòl la pral fè chè. E answit nou—nou rekonesan pou tan sa a maten an. E louvri pou nou, pa Sentespri Ou, sa ki nan Pawòl sa a ke nou pral li a. Pèmèt ke Sentespri a anseye nou jodi a bagay nou ta dwe konnen. Epi pèmèt ke nou alò, an retou, koute ak anpil atansyon chak Pawòl, peze Li pwofondeman. Epi answit pèmèt ke sa yo k ap koute pa mwayen bann lan, pou yo koute ak atansyon. Epi pèmèt ke nou kapab sezi sa Sentespri an ap eseye revele nou. Paske nou reyalize, si Li ta wenn nou, alò onksyon an pa anven. Se pou yon objektif, pou sa ka travay byen, pou Seyè a. Epi pèmèt ke kè nou ak konpreyansyon nou louvri, Seyè.

22 Pèmèt nou gen libète pou nou pale, ak libète pou nou tandem, ak aksè nan lafwa, pou nou kwè sa nou tandem a, jan li soti nan Pawòl Bondye a; pou li ka mennen nou, nan Lavi Etènèl, nan gran Jou ki gen pou vini an. Beni nou jodia. Reprimande nou lè nou gen tò. Pèmèt ke nou konnen defo nou genyen yo. Epi beni nou nan chemen ki dwat la, pou nou ka konnen nan ki direksyon pou n ale, e kijan pou n aji nan monn preznan sa a; pou nou ta ka pote lonè, nan vi nou isit la, bay Jezikri, Ki te mouri pou ban nou yon Lavi nan gran vi k ap vin apre sa a. Nou mande sa nan non Jezi. Amèn.

23 Kounye a mwen vle li jis de kote ki soti nan Lèzekriti, maten an. Epi youn nan yo nou jis jwenn li nan Liv Egzòd la. Franchman, tou de yo soti nan Liv Egzòd la. Youn nan chapit 13 la, ak vèsè 21 epi 22 a. Epi pwochen an se chapit 14 la, vèsè 10, 11 ak 12 yo. Kounye a mwen pral li nan Egzòd 13:21.

*E Seyè a Lajounen, li t ap mache devan yo nan yon kolòn nwaj, pou l gide yo nan chemen an; e diran lannwit... yon kolòn dife, pou ba yo limyè; pou deplase lajounen kou lannwit:*

*Li pa wete kolòn nwaj la lajounen, ni kolòn dife a lannwit nan mitan pèp la.*

24 Kounye a nan Egzòd 14, ak vèsè 10 la:

*E lè Farawon an t ap pwoche, moun pèp Izrayèl yo leve je yo, yo wè moun peyi Lejip yo t ap mache dèyè yo. Yo te pè anpil. Moun pèp Izrayèl yo pran rele SEYÈ a byen fò.*

Lè sa a, li di ... Moyiz, paske la ... (ekskize m souple).

Epi yo di Moyiz konsa: -Èske se paske pa gen okenn tonm nan peyi Lejip la, ou mennen nou mouri nan dezè a? Poukisa ou aji konsa ak nou pou fè nou soti kite peyi Lejip?

Eske se pa pawòl nou te di ou nan peyi Lejip la: Kite nou trankil pou nou sèvi moun peyi Lejip yo? Paske, li te pi bon pou nou sèvi moun peyi Lejip yo pase pou nou mouri nan dezè a.

25 Mwen pral li kèk vèsè anplis:

Moyiz di pèp la: -Nou pa bezwen pè.

Kounye a, koute byen isit la.

...Moyiz di pèp la: Nou pa bezwen pè, rete trankil, epi wè delivrans Seyè a, li pral montre w... jòdi a: paske moun peyi Lejip yo nou wè jodi a, nou p ap janm wè yo ankò pou tout tan.

Seyè a pral goumen pou nou, epi nou menm kenbe lapè nou...Seyè a di Moyiz: -Poukisa w ap rele m fò konsa? pale ak timoun pèp Izrayèl yo pou yo kontinye mache.

Men ou menm, leve baton ou lan, lonje men ou sou lanmè a, separe l, epi pèp Izrayèl la pral mache sou tè sèk nan mitan lanmè a.

Epi m ap fè moun peyi Lejip yo fè tèt di toujou pou yo swiv yo. Ma fè Iwanj mwen eklate sou Farawon an, epi sou tout lame li a, sou cha li yo ak sou kavalye li yo.

E moun peyi Lejip yo va konnen se mwen menm ki Seyè a , lè m a resevwa Iwanj sou farawon an, sou cha li yo ak sou kavalye li yo.

Epi Zanj Bondye a ki t ap mache devan kan pèp Izrayèl la leve, li ale dèyè yo. epi kolòn nwaj la te mache devan yo, li kanpe dèyè yo.

Li te antre nan mitan kan moun peyi Lejip yo ak kan moun pèp Izrayèl yo;...se te yon nwaj fènwa pou yo, men li te klere nan mitan lannwit pou lòt bò a, konsa yonn pa pwoche bò kote lòt pandan tout nwit lan.

Moyiz lonje men l sou lanmè a; e Seyè a te fè lanmè a tounen avèk yon gwo van ki soti nan lès pandan tout nwit lan, li fè lanmè a vin yon tè sèk, epi dlo yo te fann an de.

Moun pèp Izrayèl yo antre nan mitan lanmè a, sou tè sèk la. Dlo yo te tankou yon miray sou bò dwat ak sou bò gòch.

Moun peyi Lejip yo kouri dèyè yo, yo antre dèyè yo nan mitan lanmè a, tout chwal farawon yo, tout cha li yo ak tout kavalye li yo.

*Epi, se te konsa, nan gran maten Seyè a voye je gade moun peyi Lejip yo atravè gwo kolòn dife a ak... nwaj la, li boulvèse lame moun peyi Lejip yo,*

*Li te wete wou cha lagè yo, yo fè yo peze anpil. Moun peyi Lejip yo di: -Ann kouri pou pèp Izrayèl la! paske Seyè a goumen pou yo kont moun peyi Lejip yo.*

26 Pawòl Seyè a sitèlman gran, sitèlman bon, pa gen okenn fason pou nou sispann li L. Li jis vin Lavi, antan n ap li Li. Mwen panse ke, nan tèks sa a maten an, menm si li sou bann, mwen vle di sa a pou kòmanse, li jwenn, mwen jwenn tèt mwen. E rezon ki fè mwen... Yè, pandan m t ap etidye, epi m te vin sou sijè sa a, epi answit mwen te panse : "Mwen pral jis, si Seyè a vle, pale sou sa, paske sa fè m santi m ba." Epi mwen espere ke li fè nou tout santi nou ba, pou nou ka wè, epi fè nou leve je n; epi etidye yon ti kras, nan konpare jou ki te nan epòk pase, a... ak jou ki la kounye a.

27 Mwen vle pran twa mo pou yon tèks, e sa vle di: *Poukisa W Ap Rele Fò? Pale!* Bondye te di Moyiz, isit la nan vèsè 15 la, "Poukisa w ap kriye nan pye M? Pale ak pèp la, pou yo avanse." Epi: *Poukisa w ap rele fò? Pale!*

28 Kounye a, nou gen yon gran sijè, e m ap eseye prese prese si posib, jan Lespri Sen an ap dirije. Epi mwen vle panse a...sou tèks sa a, sou Moyiz k ap rele nan pye Bondye, nan yon moman li te nan pwoblèm; epi Bondye te reprimande Moyiz, jis lè pwoblèm te sou—sou sèn lan. Epi se jis natirèl, dapre sa sanble, pou yon moun kriye. Epi alò, ala yon—yon reprimann sa ye pou Bondye vire tounen epi reprimande l poutèt li di sa, poutèt li kriye nan pye L. Li sanble se yon bagay ki difisil anpil.

29 Anpil fwa lè nou gade Ekriti yo, nan pwòp fason pa nou, li sanble trè difisil. Men si nou etidye Li yon ti moman, nou dekoutri Bondye ki gen tout sajès la konnen jis sa L ap fè. Epi Li konnen ki jan pou fè bagay sa yo e ki jan pou trete avèk lòm. Li konnen sa ki nan lòm. Li—Li konnen li. Nou pa konnen. Nou konnen sèlman bò kote entelektyèl la. Li konnen sa ki vrèman anndan lòm.

30 Moyiz te fèt nan monn sa a, e li te yon tigason ki gen don. Li te fèt pou vin yon pwofèt, yon liberatè. Li te fèt ak ekipman an tou fèt nan li, menm jan ak chak moun ki vin nan mond lan fèt ak ekipman sa a, jan mwen kwè fèm nan—nan presyans Bondye, predestinasyon an.

31 "Se pa ke Bondye vle ke nenpòt moun ta peri, men tout moun ta ka vin a larepantans." Men, antan ke Bondye, Li te dwe konnen, e Li konnen, "lafen an depi nan konmansman." Ou wè? Si Li pa konnen sa, alò Li pa enfini; e si Li pa enfini, Li pa Bondye. Kidonk Li pa t vle, sètènman, ke okenn moun ta peri, men Li—Li te konnen ki moun ki t ap peri ak ki moun ki pa t ap peri. Se rezon sa a, objektif la menm ki fè Jezi te vini sou tè a, se te pou sove sila yo ke

Bondye, gras a presyans Li, te wè kilès ki te vle sove, ou wè, paske lemonn antye te kondane. E mwen pa wè ki jan nou ta ka anseye li yon lòt fason san se pa presyans Bondye, e Bib la klèman di ke Li konnen lafen an depi nan kòmansman an, epi Li ka di li.

32 Kidonk, lè yon—yon moun ap eseye vin yon bagay ke li pa ye, yo sèlman ap fè yon imitasyon, epi to ou ta sa pral demaske w. Peche w yo ratrape w. Ou pa ka kouvri yo. Gen yon sèl kouvèti pou peche, se San Jezikri, e Li pa ka aplike amwenske Bondye rele w depi nan fondasyon mond lan. Se pou sa San sa a te koule; pa pou yo pase pye sou Li, epi pase L nan betiz, epi—epi tounen L an derizyon, epi—epi pale L mal, e—e latrìye. Se te pou yon objektif dirèk. Se vre. Yo pa dwe jwe avè L, yo pa dwe imite L, lè yo di ke peche yo kouvri alòske yo pa kouvri. E pèsonn pa ka kouvri peche I amwenske yo te mete non I nan Liv Lavi Ayo a anvan fondasyon monn lan. Jezi te di, Li menm : “Pèsonn pa ka vin jwenn Mwen si Papa M pa atire I. Epi tou sa Papa a te ban Mwen,” tan pase a, “ap vin jwenn Mwen.” Se vre. Donk ou pa ka fè Pawòl yo bay manti. Yo la pou Laverite epi pou korije.

33 Epi Moyiz te fèt ak yon don lafwa; se yon gran lafwa Moyiz te genyen. Nou wè li, apre yon ti tan, sa te soti nan li. E li te fèt nan yon gran fanmi, kòm nou konnen papa I ak manman I te soti nan fanmi Levi. Istwa a anvan sa a, ki soti nan—nan Liv Egzòd la, te rakonte avèk mèvèy lavi gran pèsonnaj sa a. E li te youn nan pi gran pèsonnaj nan Bib la, paske li te dirèkteman yon tip Seyè Jezi a.

34 Li te gen yon nesans trè etranj, tankou Seyè Jezi. Li te fèt nan yon tan pèsekisyon, tankou Seyè Jezi. Li te fèt pou I yon liberatè, tankou Seyè Jezi. Paran I yo te kache I, Iwen lènmi an, tankou Seyè Jezi. Epi li te konmanse ministè li, tankou Seyè Jezi. Li te yon lidè, tankou Seyè Jezi. Li te yon pwofèt, tankou Seyè Jezi. Epi li te yon moun ki bay lalwa, tankou Seyè Jezi.

35 Epi nou dekoutri ke li te mouri sou Wòch la, e li dwe te resiste ak tout bagay, paske, uitsan ane apre li te kanpe sou mòn Transfigirasyon an, li t ap pale ak Seyè Jezi. Ou wè? Zanj yo te pote I. Pèsonn pa konnen kote yo antere I. Menm dyab la pa t konnen sa. Franchman, mwen pa kwè li te janm antere. Mwen—mwen kwè ke Bondye te pote I, epi—epi li te mouri sou Wòch ke li te swiv tout jou nan lavi li.

36 Epi li te yon tip pafè de Kris. Li te yon wa sou pèp la. Li te yon moun ki bay lalwa. Li te yon—li te yon—yon sipò pou pèp la. Li te tout bagay, an—an tip, ke Kris la te ye.

37 Kounye a, alò, nou wè ke li te fèt ak gwo don yo ak kalite sa a nan li, alò, sa te sèlman pran yon Bagay pou klere sou chimen li, pou mennen bagay sa a a Lavi.

38 Ou wè, semans Bondye a aktyèlman te plase nan nou depi nan fondasyon mond lan. Epi lè Limyè sa a frape semans sa a premye fwa, Li mennen I a Lavi, men Limyè a dwe vin sou semans la anvan.

39 Tankou mwen te anseye anpil fwa sou ti fanm nan pi a, limenm nan kondisyon sa a. Menm si li te yon—yon moun ki pa t renome, menm si lavi li—li te degrade, epi li te nan kondisyon sa a paske tradisyon sa yo pa t janm touche I, men, malgre sa, lè Limyè sa a te frape I, byen vit li te rekonèt Li, paske te gen yon bagay la pou reponn Li. "Lè pwofondè a rele Pwofondè a," dwe gen yon Pwofondè yon kote pou reponn a apèl sa a.

40 Epi Moyiz te fèt pwofèt sa a, men li te leve nan yon lekòl entelektyèl ak nan palè Farawon an. Farawon Seti, ke li te leve anba I la, se te yon nonm ki te toujou gen lonè, e li te kwè Jozèf se pwofèt Seyè a. Men Ranmsès te vini apre Seti, e Ramsès pa t okipe Jozèf. E kifè, donk, men lè pwoblèm nan te kòmanse, kounye a, lè gen yon Farawon ki te leve ki pa t konnen Jozèf.

41 Men gran kalite sa yo, ann pale de yo jis yon ti moman, epi, anvan nou rive nan pati prensipal tèks la. Mwen gen yon fason etranj pou m tabli yon tèks, epi pou m bati I, epi Seyè a ede nou maten an pandan n ap bati sou li.

42 Moyiz te fèt ak gwo kado lafwa sa a. Answit, li te wen e li te komisyonne devan buison adan an, pou delivre pèp Bondye a. Koulye a, wè ki gran kalite nonm sa a te genyen! Li te fèt pou yon sèten bagay. Bondye te gen yon objektif ladan I.

43 Bondye gen yon objektif pou ou isit la. Ou wè? Si ou kapab sèlman, rete nan plas sa a, konbyen pwoblèm ou sove Bondye ak tèt ou, tou.

44 Moyiz te fèt, e apre sa, yo mennen I nan kote yo te wenn li a. Epi, remake, semans lan ki te kouche la ak yon konsepsyon entelektyèl, ak tout lafwa ke li te fèt pou delivre pèp sa a, e poutan li pat janm vini a Lavi jiskaske Limyè sa a ki soti nan buison adan an te klere sou li; jiskaske li wè, pa yon bagay li te li sou li, men yon bagay li te wè ak je I; Yon bagay ki te pale avè I, epi li te reponn Li. O, ki jan sa te pote bagay yo a Lavi!

45 Mwen panse ke nenpòt gason ak yon... oswa yon fanm, ti gason oswa ti fi. E mwen panse, ak yon konsepsyon entelektyèl sou sa yo panse Pawòl la ye, e latrìye, pa janm ka gen yon fondasyon solid konplè jiskaske yo rankontre Limyè sa a ki pote Pawòl sa a nan yon reyalite.

46 Mwen panse ke pa gen okenn legliz nan pratik li, kèlkeswa jan li ta ka entelektyèl epi fondamantal, legliz sa a pa ka pwospere jiskaske Sinatirèl la manifeste nan mitan pèp sa a, epi yo wè li. Yon bagay ke yo ka pale avè I, ki va reponn yo, ki va konfime Pawòl ekri sa a.

47 Kounye a sonje, lè Moyiz te rankontre buison adan sa a, Pawòl sa a te jistifye egzakteman. Se te Pawòl la. Moyiz pa t bezwen enkyete, "Kisa Vwa sa a ye? Ki sa Èt sa ye isit la?" Paske, Bondye te deja ekri nan Lekriti, nan Jenèz, ke, "Pèp ou a pral rete nan peyi etranje sa a, men yo pral tounen apre katsan lane, yo pral tounen nan peyi sa a ankò, paske inikite moun Amorit yo poko fini." Kounye a, plizyè santèn ak plizyè santèn ane anvan, Bondye te di pèp Izrayèl la yo t ap rete e yo t ap maltrete I nan yon peyi etranje, e li t ap rete la pandan katsan lane. Men Bondye, avèk yon men pwisan, ta fè yo soti. Se konsa, ou wè, ak buison adan sa a...

48 Moyiz te konnen sa, entelektyèlman. Epi semans ki te fèt nan li a, te blayi nan kè li. Epi li te eseye, atravè eksperyans entelektyèl li ak Pawòl la, eseye pou—pou—pou fè yo soti, delivre yo, paske li te konnen li te fèt pou objektif sa a. Li te konnen sa, se te moman an. Tout Lèzekriti te di ke yo te deja la diran katsan lane.

49 Menm jan nou konnen kounye a, jan yon nonm te mande m sa gen kèk moman, sou Vini a ak Anlèvman an. Nou konnen. Nou depase tan an, moman Anlèvman an rive nan pòt la, epi n ap chèche yon lafwa pou lanlèvman ki ka rale Legliz la ansam epi ba Li kèk fòs sinatirèl, ki ka chanje kò sa yo kote n ap viv la. Lè nou wè yon Bondye ki ka leve moun ki mouri atè a oswa nan lakou a, epi fè I tounen nan lavi ankò epi prezante I devan nou, lè nou wè yon Bondye ki ka pran yon kansè ki manje yon nonm jouk se lonbraj li ki rete epi leve I fè I tounen yon nonm ki gen fòs e ki an sante, sa ta dwe bay moun yo lafwa pou lanlèvman. Sa, lè Limyè sa a klere soti nan syèl la, epi twonpèt la sonnen, kò Kris la pral rasanble byen vit ansanm, epi chanje nan yon moman epi pati nan Syèl la. Wi, gen yon bagay konsa ki dwe rive. E lekòl teyoloji nou yo p ap janm ka pwodwi sa, poutan entelektyèlman yo byen. Men ou dwe rankontre Limyè sa a! Ou dwe jwenn Bagay sa a.

50 Epi men Moyiz, ki te baze gran apèl li a sou Pawòl la, e sa te gran, jiskaske yon jou li te rankontre Limyè sa a, e Pawòl la Li menm te reponn li. Alò li te resevwa onksyon li. Onksyon sa a li te genyen nan li a, sa ki te anndan an, entelektyèl la ki te kwè li a, lafwa ki te baze sou kwayans li nan Bondye, ki te separe I ak manman I. Epi bon lè Prezans Limyè sa a te frape I, Li te wenn sa li te kwè a. Ou wè? Ala yon onksyon! Epi li te komisyone.

51 Kounye a, nou konnen, entelektyèlman li te tandé manman I. Li te konnen sa ki ta pral rive, e li te konnen li t ap viv nan jou sa a. Men, isit la li te dekouvri ke li te yon echèk, kidonk li ta ka gen ... lafwa li te ka bese yon ti kras. Men lè li rive bò buison an, Bondye di: "Mwen tandé rèl pèp Mwen an, e Mwen sonje pwomès Mwen te fè zansèt yo, Abraham, Izarak ak Jakòb, epi Mwen desann." "Mwen," la a, pwonon pèsonèl la—la, "Mwen desann pou delivre yo."

52 Epi kounyeya, e pèmèt mwen jis ajoute sa a si li...Ke Bondye padonnen m si sa se yon sakrilèj. "Mwen pa travay sou tè a, san ke se pa atravè lòm. Mwen—Mwen—Mwen se pye

Rezen an; nou se branch yo. E mwen manifeste tèt Mwen sèlman lè Mwen ka jwenn yon nonm. E Mwen chwazi ou, e M ap voye w laba a pou w fè yo soti." Ou wè? Kounye a remake, "Mwen pral avèk bouch ou, epi Mwen...pran baton sa a."

53 Epi Moyiz di: "Èske m ka wè yon prèv ki montre W ap voye m, epi Ou wenn mwen, epi W ap fè bagay sa yo?"

Li di: "Kisa ou genyen nan men ou?"

Li di: "Yon baton."

Li di: "Jete l atè." Li tounen yon sèpan. Li kouri met deyò.

54 Li di: "Pran l." Li tounen yon baton. Li di: "Mete men ou nan lestonmak ou." Li te retire l, epi li te lalèp. Li te retounen mete l, epi li te geri. Li di...

55 Li te wè glwa Bondye a. Pat gen okenn kesyon ankò, pou Moyiz. Èske w te janm remake, li pat janm kouri nan dezè a ankò? Li te konnen li te wen. Li te konnen ki kote, tout bagay sa yo ki te nan kè l, gwo bèl kalite sa yo, e li... yo te wen kounye a. Li—li pare. Li pare pou ale. Se konsa li pati nan direksyon Lejip.

56 Bondye te di: "Mwen pral l avèk ou," kifè sa—sa regle. Si, "Mwen pral avèk ou," se tout sa Moyiz te dwe konnen. Pou gran apèl sa a nan kè l, e kounye a, Bondye di, "Mwen pral avèk ou."

57 Kounyeya, Bondye tou te konfime deklarasyon li yo...Moyiz te fè yo. Men sa Moyiz te deklare: "Mwen te rankontre Seyè a. Li di nou: Se 'MWEN YE' ki voye m." Ou wè?

58 Kounye a yo di: "Men yon nonm, yon lòt jwif, petèt kèk nan fanatik sa yo k ap vini tout tan ak tout kalite konplo pou wete nou nan esklavaj." Epi nou konnen ki jan moun yo ye lè yo esklav, oswa nan esklavaj pou yon bagay, toujou gen yon jan de taktik ki vini, ou konnen, pou fè l.

59 Kifè, Moyiz, Bondye te pwomèt Moyiz: "Mwen pral avèk ou. Mwen pral nan ou. Pawòl Mwen yo pral Pawòl ou. Jis pwononse Pawòl Mwen yo epi jis di sa Mwen di."

60 Epi bon lè Moyiz te desann epi li rele yo, e li te kanpe devan Farawon an, epi li di l: "Seyè a Bondye Ebre yo di: 'Fè timoun yo soti,'" epi li pa t kite yo ale. li—li te fè yon siy devan ansyen yo ak devan Farawon an. E siy yo ke Bondye te fè yo: Li di : "Bon, demen, apeprè lè sa a, solèy la pral kouche, li pral fènwa sou tout peyi Lejip," epi li te rive jis egzakteman. Apre sa, li di: "Gen—gen mouch k ap vini sou—sou peyi a," epi li lonje baton li a epi li rele mouch, epi

mouch vini. Epi li te pwofetize, epi tout sa li te pwofetize te rive jis egzakteman fason an. Se te Bondye. Ou wè?

61 Bondye te rele I depi nesans li, Li te mete kalite nan li, ki te yon gwo lafwa, epi answit Li te desann ak Prezans Li e Li te wenn gran bagay sa a nan li, epi Li te voye I laba a ak Pawòl Li a, e Li te konfime deklarasyon I yo. . Kèlkeswa kantite charlatan ki te leve, konbyen lòt bagay sa yo ki te rive, Bondye t ap pale nan... Moyiz te idantifye. Moyiz, sa Moyiz te di, Bondye te onore. Mwen vle pou ou pa janm blyie Pawòl sa a. Sa Moyiz te di, Bondye te onore, paske Pawòl Bondye a te nan Moyiz. "Mwen pral avèk bouch ou; li pral pwononse bagay ki jis." Kounye a, sa Bondye di a—sa Bondye di a, Li di I atravè Moyiz, epi li konfime epi Li jistifye deklarasyon I yo.

62 Epitou, manman I te pale I konsènan nesans misterye li a, e ki jan tan an te pwoche bò kote lè te dwe gen yon delivrans. Amram ak—ak Jokebèd, pitit gason ak pitit fi Levi yo, kòmanse priye Bondye pou I voye yon delivrans. Epi li pran... lè w wè tan pwomès la ap pwoche, sa fè moun yo priye epi yo gen swaf pou sa. E pa gen dout ke—ke Jokebèd te di I anpil fwa, manman I; kòm li te titè li, tou, jan nou konnen istwa a. Epi li te di I ki jan li te priye. "Epi, Moyiz, lè ou te fèt, pitit gason m, ou te yon bon timoun. Ou te diferan. Te gen yon bagay ki te fèt nan nesans ou."

63 Mwen te fè yon dram sou li pou timoun yo, sa pa gen lontan, epi mwen te di: "Pandan Amram te nan chanm nan ap priye, li te wè yon zanj ki rale epe I epi lonje I nan direksyon Nò, epi li di: 'Ou pral gen yon pitit, epi li pral mennen timoun yo nan Nò nan peyi pwomès la.'" M te fè yon dram pou timoun yo pou yo ta konprann li; paske entèlijans yo pa rive menm kote ak nou granmoun yo, epi pou yo ka konprann bagay sa yo jan Sentespri a revele li ba nou.

64 Kounyeya, menmsi manman I te di I bagay sa yo, e li te konnen sa, men li te bezwen yon lòt touch. Ansèyman an—an te byen, men li te bezwen yon kontak pèsonèl.

65 Se sa monn lan bezwen jodi a. Se sa legliz la bezwen jodi a. Se sa tout moun bezwen, antan ke pitit gason ak pitit fi Bondye. Pou nou ka sa, nou bezwen yon kontak pèsonèl, ou wè, Yon bagay. Pa gen pwoblèm, ou konnen Pawòl la se verite, ou konnen Li jis; men alò, lè kontak la fèt, e answit ou wè bagay la fèt, lè sa a, ou konnen ou sou bon wout la. Ou wè? Epi, gade, li pral toujou selon Lekriti. L ap kanpe drèt ak Lekriti a, paske sa te fè I.

66 Lapriyè Amram te jis annakò ak Lekriti. Priyè yo te konfòm avèk Pawòl ki te pwomèt la. Bondye te pwomèt pou L fè sa nan moman sa. Yo te priye pou li, epi men te gen yon bon timoun ki te fèt. Epi yo...

67 Gade! O, ala mwen renmen sa a! Ou wè, nan lè farawon an t ap touye tout timoun yo, ou wè, li t ap touye yo ak—ak kout epe, epe "guardian", yo—yo--yo te pwayade timoun sa yo amò, bay kwokodil manje yo, ti kò yo, jiskaske kwokodil yo te petèt gra avèk kò timoun ebre yo. Men Bib la di, ke "Paran yo pa t pè kòmandman Farawon an te bay pou yo touye timoun yo". Yo pa t pè. Yo pa t efreye, paske yo te wè yon bagay nan ti bebe sa a, pou kòmanse. Yo te wè sa se repons lapriyè yo.

68 E kounyeya Moyiz te gen tout bagay pase sa yo dèyè I, kidonk Moyiz te konnen yo te voye I pou I delivre pitit Izrayèl yo.

69 Ou wè, tout bagay pase sa yo ki te dèyè I vin fè pil. Lè w resevwa nenpòt bagay, epi ou ka pote Bib la, pou w di: " Sa a pral rive," epi men li ki rive; "Epi sa a pral rive nan moman sa a," men li ki rive; "Epi sa a pral rive nan yon sèten tan," men li ki rive; alò tout vin fè pil ansanm epi desine yon pòtrè pou nou.

70 O, konbyen tabènak sa a maten an, konbyen nou menm moun ki nan lè sa a, Frè Neville, alòske nou wè cheve nou ap blanchi, epi zepòl nou ap koube, alòske nou wè mond lan ap chavire epi balanse de bò jan li ye a, e konbyen nou ka gade alantou nou epi wè pwomès la k ap pwoche bò kote nou! Se, li...Mwen panse, anpil fwa, si yon moun ta ka jis bondi antre anndan L yon sèl kou, epi pa konprann bagay Sa, oswa konprann bagay Sa, pito, epi antre anndan L yon sèl kou, sa t ap prèske jis voye I nan Letènite, sitèlman bagay sa te ka anlve w! Epi san w pat janm reyalize sa, epi jis, o, antre nan bagay sa yo ke nou te wè epi konnen epi konprann, epi bondi antre ladann yon sèl kou. Nonm sa oswa fanm sa, ti gason sa oswa ti fi sa, ta jis pwobableman leve men yo epi di: "Ann ale, Seyè Jezi," ou wè. O, ala tan an pwòch!

71 Moyiz te konnen li te fèt pou objektif sa a, li te gade deyò nan fenèt yo, li te gade Ebre yo pandan y ap travay byen di; li te vire gade nan Lekriti, sa te di: "Epi yo pral rete katsan lane," ou wè, "men M ap fè yo soti avèk yon men pwisan." Alò li te retounen, apre li te fin resevwa komisyon li ak onksyon li, li te konnen li te fèt...Epi lafwa li te gade, gras a lafwa li te wè moun sa yo e li te konnen yo se pitit Bondye, paske mond lan... Se sa Pawòl la-la te di. Yo pa t nan mond lan, epi yo pa t tankou rès lòt yo. Yo te diferan. Epi yo te biza ak fanatic, devan gran prestij Lejip la; epi li te dwe pitit Farawon an, ki te dwe pran pouvwa a, apre sa. Men, limenm, li te gen yon bagay nan fon èt li, yon—yon vrè lafwa ki pa t gade bagay sa yo, prestij ke I te dwe eritye a. Li te gade pwomès Bondye a, e li te konnen lè a t ap pwoche. E a kisa nonm sa a dwe te panse!

72 Mwen vle pale sou sa avè I, yon jou, lè ma rankontre I lòt bò a. Ou di: "Se fou, frè!" Non, se pa sa. Mwen pral rankontre I, gras a Bondye. Wi, mesye. M ap pale avè I, yon jou, Moyiz li menm. E ki jan mwen ta renmen mande I, jis ki jan, lè li te wè li prepare!

73 Ki jan nan fristasyon li yo, dyab la te di: "O, pèp la p ap kwè w. En-en. Pa gen-pa gen anyen ki vo lapenn nan sa."

74 Men lè semans sa a te vini a Lavi anwo laba a, yon bagay te frape l, e li te konnen gen yon bagay ki t ap fèt. Li te konnen. Li te gade nan-nan revèy la epi li te wè ki lè li te ye, epi li te konnen, e konbyen li dwe te reflehi pandan l t ap gade. Kounye a, lè li te rasanble tout bagay sa yo, tout gwo bagay li te wè yo; Lekriti ki endike tan an, lapriyè manman l ak papa l, epi li te fet yon fason patikilye, yon timoun etranj. Epi, pandan tout tan, te gen yon bagay byen fon nan li.

75 Epi kounyeya, li glise e li eseye panse ke li ta itilize fòmasyon militè li nan lekòl li a, epi delivre timoun yo, e sa te echwe.

76 Apre sa li moute al nan dezè a, epi li marye ak yon-yon bél fi Etyopyèn, e yo te fè yon ti gason yo te rele Gèchòm.

77 Epi yon jou, pandan l t ap pran swen twoupo a, toudenkou li wè yon buison adan sou tèt mòn lan, ki t ap boule. Epi li te moute la. E se pa yon bagay entelektyèl, pa yon—yon imajinasyon, pa yon ilizyon, yon ilizyon optik, men anndan l...Te gen Bondye Abraham lan, nan yon Limyè, yon Kolòn Dife dèyè a nan yon buison, Dife sa a t ap repann li tankou vag, men li pat deranje buison an. Epi Vwa Lekriti, Vwa Bondye a, te pale avè l anndan la, Li di: "Mwen chwazi ou. Ou se nomm lan. Mwen leve ou pou objektif sa a. M ap pwouve w isit la, ak siy yo, ou pral desann al delivre timoun yo paske Pawòl Mwen dwe akonpli."

78 O, Pawòl Li pou jou sa te gen pou l akonpli. N ap viv nan lè a. Kèlkeswa sa nenpòt lòt moun di, Pawòl la dwe akonpli. Syèl la ak tè a pral pase, men se pa Pawòl Li a.

79 Kounyeya, lè Moyiz te rasanble tout bagay sa yo, e li te wè l ale nan tout direksyon, sa te wen lafwa li. Amèn! O, la la! Ala yon panse! Sa, pou pwòp tèt li, li menm li wè Ekriti a pwente drèt sou sa li te ye, ak sa Bondye di, ak prèv la ladann la a, sa te wenn lafwa li te gen nan li a, pou l al travay.

80 Kisa sa ta dwe fè nou? Nou bezwen yon repantans. Nou bezwen yon revèy. M ap pale ak tèt mwen. Ou wè? Mwen bezwen yo souke m. Mwen bezwen yon bagay. Mwen te di m t ap pale ak tèt mwen maten an, oswa sou mwen. Mwen—mwen—mwen bezwen yon—yon revèy.

81 Epi lè m reflechi ak gwo prèv sa a, tout bagay te sitèlman pafètman plase la, e li te wenn lafwa Moyiz. Epi, o la la, li wè pat gen anyen...

82 La menm, li te kouri kite peyi Lejip, avèk sa, aktyèlman, li te kapab kòmanse yon—yon revòlt oswa yon lòt bagay, epi li te kapab—li te kapab leve epi kòmanse yon revolisyon nan

peyi Lejip, epi li te kapab pran yon lame epi goumen, men , ou wè, e li te gen plizyè milye bò kote l. Men olye de sa, li te pè menm fè sa, ak lame bò kote l.

83 Men kounye a, isit la, li retounen, karant lane apre, a katraventan, ak sèlman yon baton nan men l. Poukisa? Sa ki t ap boule nan kè l la te vin yon reyalite. Lè sa a yo te wen li, e li te konnen li te genyen ENSI DI SEYÈ A. Pa t gen anyen ki ta pral rete l kounye a. Li pat bezwen lame. Bondye te avèk li. Se tout sa li te bezwen: Bondye avèk li.

84 O, lè w konnen Bondye te voye w fè yon sèten bagay, epi w wè l ap bouje nan direksyon sa, la-la pa gen anyen ki ka pran plas li. Se tou.

85 Mwen sonje pafwa lè Seyè a te di m kèk bagay ki t apral rive, epi answit lè m ale epi mwen wè l te layite la, kijan...O, ala yon sansasyon! Sitiyasyon an déjà sou kontwòl, sa se tou, ou wè, paske Bondye di sa.

86 Mwen sonje, anpil nan nou sonje, konsènan ti gason an ki te leve vivan nan lanmò, nan Fenlann, apre yon machin te touye l. E mwen te kanpe la sou bò wout la, epi mwen te kòmanse ap mache lwen timoun sa a, epi mwen te vire epi m te gade dèyè. Epi yon Bagay te mete men L sou zepòl mwen, e m te panse se te Frè Moore, e pèsonn pa t bò kote m. Epi m te gade dèyè, epi answit, epi lè sa m te gade anlè mòn mwen te wè a. Mwen di: "Ebyen, mwen te wè ti mòn sa a yon kote, men nou pa t monte nan fason sa a. Nou vin nan yon lòt wout. Kote ti mòn sa a?"

87 Epi m te gade epi m te wè machin sa a anba la, ki te kraze; m te wè ti gason sa a la ak li...ki te kouche la ak yon koup cheve ki te sanble l koupe tou kout, jan nou ta rele l isit la. Je yo te vire lanvè, tankou frè Way te ye lòt jou a lè li te tonbe. Epi ti pye a te soti nan chosèt la, kote ti manm li yo te kase. Epi san t ap soti nan je l, ak nen li, ak zòrèy li. Epi m te wè ti pantalon kout li a; e yo te tache l avèk bouton, li, *isit la* epi sou bò ti ren l; e ti chosèt li yo te moute, tankou chosèt long tankou nou te konn mete plizyè lane pase.

88 Epi m te gade alantou, epi li te la egzakteman, egzakteman fason Sentespri a te di m li dezan anvan, lè nou tout te ekri l nan Bib nou atravè nasyon an, ke sa t ap rive. O, la, lè sa a, sitiayson te sou kontwòl. Kèlkeswa jan li te mouri, kèlkeswa sa nenpòt lòt moun di, tout bagay fini. Li dwe retounen vivan!

89 Mwen te di: "Si timoun sa a pa leve soti vivan nan lanmò sa a, alò mwen se yon fo pwofèt, mwen se yon fo reprezentasyon pou Bondye. Paske, nan peyi m, dezan de sa, Li te di m sa t ap rive. Epi la minis sa yo, ak tout bagay, li te ekri sou fèy Bib nou, epi men li la egzakteman. Li li sou fèy de gad la, kijan sa t ap ye nan yon peyi, kote gen wòch pil sou pil, ak lòt bagay,

yo ta touye I, epi sou... rete sou bò dwat wout la." Mwen te di : "Men li la. Pa gen anyen ki ka rete I. Sitiyasyon an deja sou kontwòl."

90 Lafwa ki te nan kè m lan te wenn. O, si sèlman m te ka eksplike sa! Lafwa ke Bondye... mwen te gen nan Bondye, ki te di m, epi li pa janm echwe, li te di m, "Sitiyasyon an sou kontwòl kounye a. Men li egzakteman sa mwen te montre ou de lane pase, epi men li ki te layite jis egzakteman nan lòd. Sèl bagay ou dwe fè se pwononse pawòl la." Epi ti gason an te leve soti vivan nan lanmò. Ou wè?

91 M t ap reflechi, epi m t ap gade Frè Fred Sothmann ki te chita la, ak Frè Banks Wood ak lòt yo. Lòt jou, anwo sou Otowout Alaska a—a, ki jan mwen te kanpe isit la nan legliz la epi m te pale nou tout de yon bèt ki te sanble ak kòn sèf, karantde pou, ak yon lous grizzly pwent ajan. Mwen pa t janm ale la anvan, e ki jan sa a... ke mwen ta pral jwenn sa a, e ki jan li ta ye, ak konbyen moun ki ta dwe avè m, e ki jan yo ta dwe abiye. Nou konnen li, chak nan nou, semèn apre semèn anvan li te rive.

92 Epi lè m te antre la, san m pa t konnen sa, men bèt sa a ki te kouche la. Epi mwen te ale, epi—epi li... li te enposib. Si yon chassè t ap koute bann sa a, li ta konnen ke ou pa ka rankontre yon bèt fas a fas, san ke li pa sote epi kouri. Men, li pa t fè sa.

93 E li pandye laba nan biwo m lan. Se la lous ki gen pwent an ajan an pandye jis egzakteman menm jan an. Ak yon—ak yon règ ki poze la, yon mèt pou pran mezi kòn li, pou montre mezi li egzakteman. E yon kòn pral omwen retresi de pou oswa plis, lè li vèt sou bèt la ak lè li sèk, men sa a pa janm retresi. Li toujou mezire egzakteman karant-de pou. Ou wè? Se la lous ki gen koulè ajan an pandye, li mezire sèt pye nan longè, jis egzakteman, epi tout bagay rete egzakteman jan li te ye a, li pandye la kounye a.

94 Men lè nonm sa a te di m: "Kounye a, gade, Frè Branham, nou gen bèt sa a ke w te pale de li a, men ou te di m ou t ap jwenn yon lous grizli an ajan anvan ou rive anba ti mòn lan, dèyè kote ti mesye yo ye a, ak sila ki gen chemiz vèt la."

95 Mwen di: "SE ENSI DI SEYÈ A. Se sa Bondye di."

96 "Men, Frè Branham," li di, "Mwen ka wè tout bagay isit la, sou plizyè kilomèt, pa gen anyen. Ki kote li soti?"

97 Mwen di: "Se pa pwoblèm pa m pou m kesyone sa. Se sa Bondye di! Epi Li se Jewova-Jire. Li ka pote yon lous la. Li ka mete youn la." Epi li te fè I. Epi men li ki te la. Se yon sitiayson sou kontwòl.

98 E lè Moyiz te wè li te leve pou objektif sa a, e li te rankontre fas a fas, gran Bondye sa a Ki te fè apèl la, e Ki te wenn li e ki te idantifye l, e Ki te di: "Se apèl ou a, Moyiz. M ap voye w, e M pral montre w glwa Mwen. E men Mwen, nan yon buison, adan. Ale laba la a! Mwen pral avèk ou." Li pat menm bezwen yon baton. Li te gen Pawòl la, Pawòl konfime a, epi la li te ale. Sa te wenn lafwa ki te nan li a.

99 Epi sa wenn nou lè nou wè n ap viv nan dènye jou yo, epi nou wè tout siy sa yo ki te gen pou fèt yo, yo te pale de yo nan Lekriti, ke yo ta rive nan dènye jou yo; soti jouk nan Syèl la, rive sou pouvwa politik yo, ak nati moun yo, ak demoralizasyon mond lan, epi nan mitan fanm yo, e ki jan yo ta aji nan dènye jou yo, e ki jan gason yo ta aji, e ki jan legliz yo ta aji, ki jan nasyon yo ta aji, epi ki jan Bondye ta aji. E nou wè tout bagay sa yo blayi drèt devan nou.

100 O, sa wenn fwa nou. Sa mennen nou nan gran sik yo. Ou wè? Sa—sa—sa separe nou ak lòt bagay nan mond lan. Ou wè? Kèlkeswa jan nou piti, oswa nou nan yon ti kantite, konbyen yo ri nou, pase nou nan betiz, sa pa fè yon ti kras diferans. Se tou. Nou wè li. Gen yon bagay anndan nou. Nou te predestine pou nou wè lè sa a, e pa gen anyen ki pral anpeche nou wè li. Amèn! Men Bondye pale. Li—li te deja rive. Nou wè li. O, ala nou di Bondye mèsi pou sa! O, lè sa a, sa fè fwa w aji lè nou wè bagay sa yo k ap pase isit la.

101 Bon, isit la ankò nou li sa, "Moyiz te gen plis estim pou repwòch Kris la pase trezò peyi Lejip yo." Kifè, li te gen plis estim pou— pou repwòch Kris la.

102 Kounye a, sonje, "repwòch Kris la". Ou wè, gen yon repwòch nan sèvi Kris la. Si w trè popilè nan mond lan, alò ou pa ka sèvi, ou pa p sèvi Kris la. Non, ou pa kapab. Paske, ou wè, gen yon repwòch ki ale ak Li. Mond lan toujou repwoche L.

103 Nan tan lontan, sa gen plizyè milye lane pase, te gen yon repwòch ki te ale ak Li. Epi Moyiz pou vin farawon, se li menm ki t ap vini farawon an, pitit gason farawon an. Apre sa, li te pwochen farawon an, li te jwenn favè pamì pèp la, e poutan li te "konsidere..." *Estim* vle di pou—pou "respekte". "Li te konsidere repwòch Kris la pi plis pase tout bagay ke peyi Lejip te ka ba li." Lejip te nan men l. Men, malgretou, li te konprann ke pran chemen Kris la se te yon wont, men li te tèlman kontan pou l konnen ke te gen yon bagay nan li, ki te fè l konsidere apwòch sa a nan Kris, dizon pito repwòch Kris la, pi gran pase tout ekla ke li—li te eritye. Li te gen yon eritaj anndan l 'ki te pi gran anpil pase eritaj mond lan te ba li.

104 O, si nou ta ka konsa jodi a, epi kite Lespri Sen an wenn sa ke nou gen anndan nou, lafwa sa, pou yon lavi, konsakre pou Kris la!

105 Bon, avèk tout lafwa li te genyen, li te remake, e li menm te konsidere repwòch sa yon lonè.

106 Jodi a, yon moun ka di, "Ey, èske w se youn nan moun sa yo, sa yo?"

"Hen, hen, e byen, hen." Ou jis yon ti kras wont de li.

107 Men, li te konsidere I yon pi gwo trezò pase tout mond lan, paske te gen yon bagay nan li ki te kapab di, "Wi, mwen—Mwen konsidere sa. Sa trè onorab. Mwen kontan mwen se youn pami yo." Ou wè?

"Mwen kontan konte tèt mwen kòm yon ebre e pa tankou yon Ejipseyen."

108 Kretyen yo jodi a ta dwe di menm bagay la. "Mwen kontan konsidere tèt mwen kòm yon kretyen, pou m evite bagay ki nan lemonn ak lòd mond lan. Se pa sèlman kòm manm legliz, men kòm Kretyen ne de nouvo k ap viv dapre Ekriti yo. Menm si pwòp manm legliz yo, ta rele m 'yon fanatik', kanmenm mwen—mwen—mwen estime ke sa pi gwo—pi gwo bagay pase si m te moun ki pi popilè nan vil la oswa nan nasyon an. Mwen ta pito sa pase Prezidan Etazini, oswa—oswa wa sou tè a. Ou wè? Mwen—mwen estime sa anpil, paske Bondye nan mizèrikòd li, anvan fondasyon mond lan—mond lan, te wè m, epi—epi te mete yon ti semans, kote lafwa mwen ta vole pi wo pase bagay ki nan mond lan. Epi kounye a li rele m, e mwen—mwen konsidere plas mwen."

109 Jan Pòl te di a, li te konsidere ofis li a byen wo...ou wè, epi, o, Bondye te rele I soti de pozisyon I kòm yon gwo pwofesè tankou Gamalyèl. Men Pòl te chwazi kòm yon sakrifis pou Kris. Ou wè? Kounye a, menm bagay la.

110 Remake, avèk yon lafwa konsa, li pa t janm konte sou je I, sa I te kapab wè. Kounye a, li pa wè anyen lòt ke yon pakèt moun k ap travay nan labou, esklav, nan prizon, yo t ap touye chak jou, bat ak fwèt, sibi mokri, kwayans relijye yo se te zafè "fanatik." Epi te gen yon farawon ki chita sou twòn li, ki pa t konnen oswa konsidere anyen de relijon yo a . Li pa t konn anyen sou sa. Li te yon payen, kidonk li jis...Ala yon imaj de jodi a! Epi se sa, yon relijon diferan. E kijan sa te ye, si—si Moyiz sa a, pandan I chita nan menm plas ak prezidan an, oswa a—oswa ak farawon an, grannèg la, ke I ta pral pran plas li lè I mouri, li te yon vye granmoun. Men, Moyiz te panse ke apèl sa a... Li te gade deyò a, nan menm fenèt farawon te konn gade deyò a, paske I

te lakay li.

111 Farawon gade deyò a, li wè moun sa yo ki t ap leve men yo anlè, epi yo te konn pran fwèt pou bat yo a mò paske yo t ap priye. Yo te konn fann yo ak epe lè yo pa reyisi, lè yo dezobeyi

nenpòt lè a, epi fè yo travay jiskaske vye kò yo faya, epi ba yo yon mwatye repa pou manje. "O, yo pa t anyen sof yon pakèt fanatic, apèn yon moun."

112 Poutan, Moyiz, ak lafwa ki nan li, te gade yo, epi li te di: "Yo se pèp ke Bondye beni." Amèn. Mwen renmen sa. Avèk lafwa konsa, je li pa t gade sou ekstravagans peyi Lejip la, li te gade pwomès Bondye a. Je lafwa èg li a wè pi lwen ke ekstravagans nan peyi Lejip la. Li, sonje, li vin tounen yon èg kounye a. Li se yon pwofèt, epi je èg li ale pi lwen pase bagay sa yo. O, mwen renmen sa! En! O lala!

113 Konbyen de fwa jodi a, jodi a, kretyen yo konte sou sans yo, e sou sa yo ka wè, oswa sa yo ka konprann, olye de lafwa yo, pou konte sou sa ou wè ak je w ak ekstravagans. Tankou nou menm medam yo, mwen toujou ap raple nou, ou dwe kite cheve w pouse, ou pa dwe mete makiyaj, ou dwe aji tankou dam pou w yon kretyen. Ou Gade deyò nan lari a epi wè medam yo jodi a abiye fason imoral, ebyen, ou panse, "Ebyen, manzè fè pati legliz, poukisa mwen pa ka fè sa?" Ou wè? "Li koupe cheve I, poukisa—poukisa mwen pa ka fè sa? Ebyen, li sanble I dosil epi entelektyèl anpil, ak yon pèsonalite ke mwen pa menm genyen. Ebyen, poukisa mwen pa ka fè sa? Mwen ta dwe fè I." Men lè w fè sa, ou paralize fwa w. Ou wè? Ou pa bay fwa w yon chans pou grandi. Kòmanse sou sa, jan mwen te di a.

114 Yon moun te di: "Frè Branham, peyi a, moun yo, respekte w tankou yon pwofèt. Ou pa ta dwe kriye sou medam yo, ak mesye yo konsa, pou bagay sa yo. Ou menm, ou ta dwe anseye yo kijan pou yo—pou pwofetize epi resevwa don."

115 Mwen te di, "Ki jan m ka anseye yo aljèb lè yo pa menm konn ABC yo?" Ou wè?

116 Kounye a jis kòmanse avèk sa. Netwaye tèt ou pou lè w ap mache deyò nan lari a ou sanble ak yon kretyen, pe enpòt, ou wè, answit aji tankou youn. Ou wè? Epi ou pa ka fè sa pa ou menm. Kris dwe vini nan ou. Men, si semans sa a plase la, epi Limyè frape I, li pral pran vi. Si li pa pran vi, pa t gen anyen anndan I ki te destine pou lavi. Paske, sètènman li te fè prèv li sou lòt moun, ou wè, li te vini a Lavi imedyatman Limyè a te frape I.

117 Sa se yon koreksyon pou medam yo, mwen konnen, k ap koute bann sa a, oswa ki pral koute I. Se yon koreksyon pou ou, sè. Li ta dwe sa. Li ta dwe sa, paske sa demontre. Mwen pa bay enpòtans a sa w te fè, ou te kab reliye tout vi w, ou te ka viv nan legliz , papa w ka yon minis, oswa mari w ta ka yon minis; men osi lontan ke w dezobeyi—Pawòl Bondye a, sa montre ke pa gen Lavi la.

Lè w wè bagay la manifeste, ak lavi Sentespri a, wè Li lè Li estimile lòt moun, gade sa yo fè, si Li montre I sou yo, se pa etonan... Poukisa...?

118 Ala yon—ala yon koreksyon pou Farizyen sa yo, ki te rele Jezi, lè Li te kapab disène panse yo, yo te rele I, "Bèlzeboul."

119 Epi ti pwostitye sa a te di: "Ebyen, Zanmi sa a se Mesi a. Ekriti a di li ta pral fè sa." Wè, semans predestine sa a te kouche la. Epi lè Limyè a frape I, li te pran vi. Ou pa kapab kenbe I nan tè a. Ou pa ka kache Lavi.

120 Ou ka pran epi vide beton sou yon pakèt zèb, epi touye I nan sezon fredi a. Pwochen prentan an, ki kote k gen plis zèb? Egzakteman ozalantou kwen beton an. paske, semans jèmíne anba wòch sa, lè solèy la kòmanse klere, ou pa kab kenbe I. Li pral fofile kò I pa anba epi soti drèt nan kwen an epi leve tèt li anlè pou bay Bondye glwa. Ou wè, ou pa ka kache lavi. Lè solèy

frape lavi botanik, li oblige viv.

121 Epi lè Lespri Sen an frape Lavi Ekriti a ki nan yon moun, Li pote fwi li *imedyatman*. [Frè Branham te klake dwèt li—Ed.] Ou wè?

122 Kidonk, kèlkeswa jan ou sensè epi onèt, oubyen kòman w di ke ou pa sa, pou ap di ke yo,...Medam sa yo ki te mete bagay sa yo— move rad ak bagay sa yo deyò a, jis yon senp estriptizez, nan lari a. Menm si, ou pa kwè ke w se sa, ou pa ka fè tèt ou kwè sa. Ou ka pwouve ou inosan de adiltè, men, nan Liv Bondye a, w ap komèt adiltè. Jezi te di: "Nenpòt moun ki gade yon fanm pou anvi I, li déjà komèt adiltè avè I nan kè I." Epi ou te prezante tèt ou nan fason sa a. Ou wè, ou menm ou pa ka wè I sof si Lavi sa kouche la.

123 Ou gade yon lòt moun, ou gade epi w di, "Ebyen, mwen konnen Sè Jones. Frè Jones se yon...Li se yon minis. Madanm li fè sesi epi sela."

124 Mwen pa bay enpotans a *sa li fè*; Sa a se Pawòl la. Jezi te di: "Ke chak pawòl lèzòm ka manti, e Pawòl Mwen verite." Se Bib la. E lè Limyè sa vrèman travèse I, li gen pou I pran vi. Li jis oblige pran vi.

125 Kounye a, je pwisan Moyiz la, je pwofèt li a, te gade pi lwen ekstravagans nan peyi Lejip la.

126 Vrè kretyen an jodi a, kèlkeswa sa legliz la di, sa nenpòt lòt moun di, lè Limyè sa a travèse I, epi yo wè konfirmasyon veritab Bondye a, Kolòn dife ki pandye la, ak siy yo ak mèvèy ki te pwomèt, Ekriti a ki tabli nan Liv la, li pran vi. Pe enpòt ti kantite I ye a, e jan li an minorite a, gwoup Bondye a te toujou yon minorite. Ou wè? "Nou pa bezwen pè, ti-ti twoupo, se bon

volonte Papa w pou I ba ou Wayòm lan." Ou wè? Yo sezi li. Bondye oblige fè yo soti nan chak denominasyon, chak gwoup, toupatou, pou yo wè Li, si yo òdone pou Lavi.

127 Gade vye Simeyon, ki te òdone pou lavi. Lè Mesi a antre nan tamp lan, sou fòm yon ti bebe nan bra manman I, Simeyon, byen lwen nan yon chanm kèk kote, Sentespri a fè I leve, paske li t ap tann. Lavi sa te nan li. Li di: "Mwen pap mouri anvan mwen wè Seyè Kris la." Epi Kris Seyè a te la nan tamp lan. Lespri Sen an te kondwi I soti kite travay li, epi li te mache desann laba a epi leve ti bebe a anlè, li di: "Kite sèvitè w la ale ak kè poze, paske je mwen wè delivrans ou a."

128 Te gen yon fanm aje avèg nan kwen an, ki te rele Anna, ki te sèvi Seyè a lajounen kou lannwit. Li t ap pwofetize tou, li t ap di: "Mesi a ap vini. Mwen ka wè L ap vini." Poutan, li te avèg. An menm tan, lè Li te la...Ti Lavi sa a ki te nan li, ki te predi, "Li va vini! Li va vini! Li pa kab pa vini!" Lè sa a, menm Lavi sa a, Limyè a vini nan biling lan, sou fòm yon ti bebe, antan ke "yon timoun ilejitim," vlope nan kouvèti yo, rantre nan biling lan. Epi Sentespri a anvayi vye granmoun fanm avèg sa, epi li te vini pa Lespri, te dirije I pami moun yo, kanpe bò ti bebe sa a, li beni manman an, epi li beni Ti bebe a, epi li te predi lavni Li. Ou wè, òdone pou lavi! Ou wè?

129 Gade yo, pa t gen yon douzèn nan yo. Te gen sèlman uit nanm sove nan epòk Noye a, anba redi, men tout sa ki te òdone pou lavi te vini nan tan sa a. Gade kijan Lespri Sen an ap travay nan chak laj, I ap atire moun yo.

130 Kounye a, nou dekouvre lafwa Moyiz te fè I konsidere sa ki ta pral vini an, olye de sa ki te la. Gade demen olye de jodi a. Gade pwomès la olye de ekstravagans la. Gade pèp la olye de òganizasyon an. Ou wè? Bondye te fè sa.

131 Lòt te kapab wè ekstravagans pwosperite laba a nan peyi Lejip, oswa laba a nan Sodòm. Lòt te kapab wè posiblite yo nan yon-nan-nan yon anpil nan-nan lajan. Lòt te kapab wè avantaj pos-...posibilite lè li te gade nan Sodòm pou i ta ka vin ... Pandan li te yon Ebre, li ta ka vin yon nonm konsekan, paske li te yon gwo entelektyèl, epi li te neve Abraham, se konsa li te chwazi ale nan direksyon Sodòm. Entèlijans Lòt te mennen I wè ekstravagans nan-nan pwosperite. Entèlijans Lòt te mennen I wè benediksyon nan—nan ekstravagans. Men, sa te tèlman paralize fwa I, ke li pa t wè dife k ta pral detwi mòd de vi sa.

132 Epi se konsa moun yo ye jodi a. Yo wè posiblite nan fè pati yon gwo òganizasyon, yo wè posiblite nan jwenn pozisyon sosyal ak moun ki nan vil la, men yo pa wè posib-...Yo pa wè fwa yo ki paralize. Kite m repete sa menm si y ap mal konprann li. Medam jodi yo, jan mwen

di a, yo vle ap—yo vle ap aji tankou selebrite cinema. Mesye jodi a vle aji tankou komedyen televizyon.

133 Jodi a, pastè yo sanble vle fè legliz yo tankou kèk regwoupman modèn nan kèk sòt, afilyasyon elatriye. Yo wè posiblite pou petèt vin yon evèk oswa yon siveyan jeneral, oswa yon bagay konsa, si yo pral ansanm ak legliz la; abandone Ekriti yo, lè Sa plase devan yo, avèk konfirmasyon pa Pouvwa Bondye a, ak Pawòl Bondye vivan an nan pèp la. Men, yo pa vle Li. Yo di, "Nou pa vle asosye ak yon bagay konsa." Sa t ap retire kat manb yo a. Sa t ap brize lòd denominasyon yo an. Poutan yon nonm onèt, tankou Lòt, ki te chita Sodòm, konnen ke sa pa bon. Ou wè? Ou wè? Kisa yo fè lè yo fè sa? Yo paralize ti fwa yo te genyen an. Li pa ka travay.

134 Kounye a, Moyiz te kite sa, epi li te kite...fwa li paralize mond lan.

135 Swa ke fwa w ap paralize ekstravagans, oswa ekstravagans ap paralize paralize fwa ou. Kounye a, ou dwe pran youn oswa lòt. Epi ou wè Bib la pa chanje. Bondye pa chanje. Li se Bondye ki pa chanje a.

136 Epi kounye a nou jwenn, jodi a, moun yo jodi a, ou wè, yo gade gwo bagay yo, gwo òganizasyon an. "Mwen fè pati de tèl ou tèl." Ou wè? Apre sa, yo desann la, epi, gade, pa gen okenn diferans ak moun nan lari a. Pa gen lòt bagay. Yo gen yon ti bagay entelektyèl, epi kontinye. Lè w ap pale de gerizon divin, kolòn dife, Limyè Bondye a, yo di, "Sa se foli."

137 Yon nonm te pran foto Anj Seyè a, lòt jou la, yon minis Batis, epi li te ri Sa. Ou wè, sa se—sa se yon blasfèm. Ou wè? Pa gen padon pou sa.

138 Se sa Jezi te di, wè. Se blasfèm; lè ou wè I ap fè menm zèv ke Kris la te fè. Epi li te di... Lè yo te wè travay sa nan Kris la, se li ki te Sakrifis la, epi yo te rele I "Bèlzeboul, yon dyab," poutèt, paske li t ap fè sa. Epi kounye a yo di... Li di: "Mwen padone ou pou sa. Men, lè

Sentespri a vin fè menm bagay la, ou pwononse yon mo kont Li, li pap janm padonnen ou, nan mond sa oswa monn kap vini an." Ou wè? Yon sèl mo se tout sa ou gen pou di kont li. Ou wè? Apre sa...

139 Paske, si Lavi sa a, si ou te òdone pou Lavi Etènèl, alò Lavi sa va jèmen lè ou wè Li. Ou va rekonèt li,

tankou ti fanm nan pwi a, epi—ak diferan lòt yo. Men si sa pa la, li pa ka pran vi, paske pa gen anyen ki pou fè I pran vi. Jan vye manman m te konn di, "Ou pa ka jwenn san nan kè Navèt," paske pa gen san ladan I. Kounye a, se menm bagay la.

140 Epi sa paralize ti fwa w genyen an. Lòt te kapab wè a ekstravagans, men li pa t gen ase fwa pou wè dife a ki ta pral detwi ektravagans sa yo.

141 Mwen mande si nou genyen l jodi a. Mwen mande si nou, ebyen, tankou medam yo ki vle popilè a, ki vle aji tankou rès medam nan legliz la, si yo reyalize ke yo vle-vle aji tankou lòt rès yo. Yo—yo ka wè possiblite pou yo vin yon—yon—yon fanm ki pi bèl, lè yo makiye. Yo ka vin yon fanm ki pi bèl lè yo gen yon aparans ki pi jèn, nan koupe cheve yo ak aji tankou kèk lòt yo, oswa selebrite sinema yo. Men, mwen mande si sa pa paralize fwa yo, pou konnen ke Bib la di ke, "yon fanm ki fè sa se yon non...yon fanm ki dezonorab," epi, "yon fanm ki mete yon rad gason pote, se yon abominasyon devan Bondye," kolan, elatriye ak bout pantalon ke y ap mete. Epi—epi li jis vin tèlman kè di jiskaske li vin tounen yon woutin reliye pou moun ki fè li. Mwen mande si yo pa paralize ti konfyans yo te genyen an, menm pou al legliz, ou wè. Se sa li fè.

142 Lòt te fè sa, e sa te paralize l, e sa te paralize moun yo laba a. Yo pa t kapab wè li.

143 Men, Abraham, tonton li, avèk yon—yon fwa konfirme, pa t gade sou ekstravagans, li pa vle annafè ak sa, menm si li te oblige viv di epi viv pou tèt li. Sara te rete viv nan dezè laba a kote li te difisil, nan yon kote dezè. Men, yo pa t wè a ekstravagans oswa possiblite pou yo vin popilè.

144 Sara, pi bèl fanm nan peyi a, Bib la te di sa. Li te jis, pi bèl nan tout fanm yo. Epi kounye a li menm rete epi li te obeyi mari l, li te menm rele l "seyè," Bib la fè referans a li menm, al gade nan—nan Nouvo Testaman an; li di, "Nou se pitit fi li, toutotan nou obeyi avèk fwa." Ou wè, rele mari l "seyè" li.

145 Epi Anj Senyè a te vizite tanp yo ak...oswa ti tant yo a laba a, li te di yo. Yo pa t menm gen yon kay pou yo te rete; yo t ap viv nan yon peyi dezè. Men ni. Ou wè jou a repwodwi tounen ankò, jis egzakteman menm jan li te ye lè sa a?

146 Kounye a, Moyiz ak gwo lafwa li, ankò, te kapab di "non" a bagay ki te preznan epòk li a, epi fè yon chwa ki jis. Li te chwazi soufri afliksyon ak pèp Bondye a. Li te chwazi ale avè l. Poukisa? lafwa li! Li te wè pwomès la. Li te wè tan lafen an. Li te wè jou ki gen pou vini yo, li te abandone l a fwa li. Epi li pa t fè okenn atansyon a sa je l wè nan possiblite yo laba a, poutèt li te farawon epi li ta pral farawon an. Li gade byen lwen nan jou apre yo.

147 O, si moun te kapab sèlman fè sa, pou pa wè monn preznan an. Si w gade nan monn preznan an, ou fè yon chwa ki akòde avè l. Fèmen je w sou sa, epi gade nan pwomès Bondye a, byen lwen nan jou ki gen pou vini yo.

148 Gras a fwa li, li te kapab chwazi. Li te chwazi pou yo rele I pitit Abraham, li te refize rele pitit farawon. Ki jan li te kapab, alòske tout wayòm nan... Lejip te konkeri mond lan. Li te wa mond lan, e li te yon jenn gason ki te gen karantan, ki te pare pou pran twòn lan. Men, li pa t janm gade entèlijans li-...

149 Gade medam yo t ap kouche bò kote I, chak jou,

yon arèm ranpli ak yo. Konsidere ekstravagans; chita, bwè diven, epi gade estriptiz ki te devan I, pandan yo t ap danse, e yo t ap vante I ak yon... Ak fanm ki soti nan tout mond lan, ak bijou yo ak trezò, avèk lame I deyò a. Sèl bagay li te dwe fè se chita epi manje bon manje li yo, epi di, "Voye yon...voye ganizon lame ak tèl oswa tèl kantite sòlda desann nan tèl kote, konkeri nasyon sa a. Mwen kwè mjis vle pran I." Se tout sa li te oblige fè. Chita la, epi y ap vante li, epi kenbe bouch li louvri; kite bèl, bèl estriptiz nan jou sa a, vide diven nan bouch li, ba li manje ak bra yo bò kote I, tout medam ki pi bèl nan mond lan. Tout ekstravagans ki te genyen, te etann la bò kote I.

150 Men, kisa li te fè? Li te wè pi lwen ke sa. Li te konnen dife te pare pou tonbe. Li te konnen lanmò te kanpe nan liy sa a. Ou wè? Li te konnen ki sa li te ye. Aprè sa, li gade yon pakèt moun meprize epi rejte, epi pa lafwa li te chwazi pou I soufri repwòch Kris la, e li te rele tèt li, "Mwen se yon pitit Abraham. Mwen pa pitit farawon. Menm si ou banm tit yon evèk, oswa yon dyak, oswa yonachevèk, oswa yon Pap, mwen pa yon pitit bagay sa. Mwen se yon pitit gason Abraham, epi mwen separe tèt mwen de bagay ki sou latè." Amèn, amèn, epi amèn! Pa lafwa, li te fè sa!

151 Li voye ekstravagans la jete. Li te retire possiblite pou I vin pwochen evèk la, li te retire possiblite pou vin pwochenachevèk la, oswa pwochen siveyan jeneral nan pwochen eleksyon an, oswa kèlkeswa sa I te ye a, li

te retire sa. Li te refize gade sa.

152 "Kounye a, si m vin evèk la, lè m pral rantre moun yo va di: 'Sen Pè,' oswa—oswa 'Doktè entèl,' oswa—oswa—oswa—oswa 'Ansyen entèl.' Ki jan yo pral, tout minis yo nan asanble a, yo pral tapote do m, epi di, 'Ey, mezammi, nèg sa a gen yon bagay espesyal, mwen di ou. O, sh-sh-sh, rete la, evèk la ap vini, ou wè. Sa li di, se lalwa. Ou wè, la men entèl-entèl ap vini.'" Moun yo pral pran avyon pou yo kapab...wè Pap la, epi bo pye ak bag yo, elatriye. Ki jan, ki possiblite pou katolik la, ki possiblite pou pwotestan an, yo dwe evèk oswa siveyan jeneral, oswa yon bagay, kèk nomm enpòtan nan yon òganizasyon.

153 Remake, kanmenm, men ou wè, je lafwa a gade anlè pi wo pase sa. Epi ou wè fen li anba la, e Bondye di ke tout bagay la pral detwi. Lafwa, je ègl sa a, leve w anlè, epi ou wè jou aprè yo, pa jodi a, epi chwazi pou yo rele w ptit Abraham.

154 Farawon, ki pa gen lafwa, te wè pitit Bondye yo antan ke "fanatik". San lafwa, li te fè yo esklav paske li pa t pè sa li te di. Li pa t pè Bondye. Li te panse ke li te bondye. Li te panse li–bondye li yo li t ap sèvi, ke li te yon evèk, li te chèf siveyan jeneral, se bondye li yo ki te fè sa. "Pa gen anyen nan Bagay sa a *isit la*," se konsa li fè yo esklav. Li te ri yo, li te pase yo nan betiz. Jis jan moun yo te fè jodi a, menm bagay la egzakteman.

155 Fwa Moyiz te wè yo nan peyi pwomès la, yon pèp ki beni. Se petèt yon batay difisil pou kondwi yo nan tè pwomès la, men Moyiz te chwazi ale avek yo. Ala mwen te kapab apwofondi sou sa, men tan mwen ap ekoule. Ou wè?

156 Remake, li kapab yon bagay difisil pou fè moun sa yo chanje direksyon. "Ou dwe al viv avèk yo, ou dwe youn pami yo, epi yo déjà tèlman entelekyèl ke ou pa ka sekwe yo. Ou wè? Men dwe gen yon bagay ki rive laba a. Sinaturèl la dwe demontre devan yo. Li pral yon bagay difisil. Òganizasyon yo pral vire do ba ou, ak tout bagay sa yo pral rive. Sa—sa—sa terib, sa w dwe fè a, men poutan fò w fè chwa ou."

157 "Mwen se youn pami yo." Wi. Fwa li te fè sa. Fwa li te pwovoke sa. Wi, mesye. Li te wè sa. Li te yon bagay difisil pou kondwi yo nan pwomès sa a, men li te pran desizyon pou ale avèk yo, kanmenm. Kèlkeswa sa yo te fè li, ak kijan yo te refize l, li te ale kanmenm. Li te pati avèk yo.

158 Kounye a mwen espere w ap li. Dakò. Ale ak yo, de tout fason. Fè, fè youn ak yo, se vre, paske se devwa w. Sa ka yon batay difisil, ak anpil bagay pou travèse, men ale kanmenm.

159 Men, fwa li te pouse l chwazi Pawòl la, olye de ekstravagans. Li te pran Pawòl la. Se sa fwa Moyiz te fè. Lè lafwa gade sa Bondye genyen ki pi mal... Sonje, *isit la* se te ekstravagans , mond lan, sa ki meyè, wa mond lan. E ki kote pwomès Bondye a te ye? Nan twou labou a, youn k ap foule labou.

160 Men, lè lafwa, lè lafwa gade sa ki pi mal la, li estime li bokou plis epi bay plis valè pase pi bon bagay mond lan ka ofri. Wi mesye. Lè lafwa gade li, lè lafwa ka wè li, lè lafwa nan Pawòl la ka wè Pawòl la manifeste, li pi plis pou yo pase tout ekstravagans ak komiteachevèk ak tout lòt bagay ou ka prezante. Lafwa fè li. Ou wè? Ou ka wè pi mizerab, meprize, rejte a, kèlkeswa sa l ka ye a; kite l nan pi move kondisyon posib, e poutan lafwa ap estime sa yon milyon kilomèt pi wo pase pi bon bagay mond lan ka pwodwi. Amèn! Sa se fason nou chante kantik sa, "Mwen pral pran chemen ak kèk moun Seyè a ki meprize." Ou wè? O lala!

161 Paske, ou wè, lafwa wè sa Bondye vle fè. O, mwen espere sa penetre lespri nou. Lafwa pa gade nan tan preznan. Lafwa pa wè sa ki isit la. Lafwa gade pou wè sa Bondye vle, epi li travay an akò avè l . Se sa ke lafwa fè. Li wè sa Bondye vle, ak sa Bondye vle fè, answit lafwa opere atravè sa.

162 Lafwa se yon vizyon ki wè byen Iwen. Li pa redwi vizyon l. Li rete fikse sou sib la. Amèn! Nenpòt bon tirè konnen sa. Ou wè? Ke, se a grann distans. Se yon—se yon teleskòp. Li se yon longvi, ou pap pran l pou vize toupre isit la. Ou pa sèvi ak longvi pou gade wè ki lè li ye; ou wè, ou pa itilize l pou sa. Men, ou sèvi ak longvi pou gade byen Iwen.

163 Epi lafwa fè sa. Lafwa pran longvi Bondye yo, toulède, tou de bò, Nouvo ak Ansyen Testaman an, epi li wè chak pwomès Li te fè. Epi lafwa wè li byen Iwen, e lafwa chwazi sa kèlkeswa sa tan preznan an di *isit la*. Li gade nan fen an. Li pa desann rega l pou gade nan direksyon sa. Li gade byen Iwen. Li kenbe linèt la santre fiks sou Pawòl la. Se sa lafwa fè. Sa se lafwa ki nan yon nonm ki fè bagay sa yo.

164 Kounye a, gade. Sa farawon te rele, sa yo rele, sa farawon te rele *ekstrawòdinè*, Bondye te rele l "abominasyon!" Farawon te kapab di: "Gade, Moyiz, men ni, ebyen, ou se pwochen farawon an. Mwen—mwen remèt baton sa ba ou lè mwen kite isit la. Mwen pral remèt baton sa a. Se pou ou. Ou wè? Kounye a, sa a *ekstrawòdinè*. Ou pral yon nonm konsekan, Moyiz. Ou pral vin evèk. Ou pral vin *sesi, sela oswa se lòt bò*. Pa kite nou. Rete isit la." Men, ou wè, li te rele l *ekstrawòdinè*, e Bondye te di se yon "abominasyon!"

165 Kounye a, nou menm medam reflechi yon minit, ou menm tou mesye yo. Sa lemonn rele *ekstrawòdinè*, Bondye rele l "salte". Èske Bib la pa di, "Se yon abominasyon pou yon famn mete yon rad ki pou gason"? Epi ou panse ou entèlijan lè w fè sa. Ou wè? Ou jis montre kò w pou dyab la, se tou. Kidonk, pa fè sa.

166 Epi nou menm moun k ap viv dapre bagay ki nan monn nan, epi k ap rasanble epi karese sa! Epi nou menm gason ki pa gen ase kouraj pou fè madamn nou yo ak bagay sa yo sispann fè sa, wont pou nou! Epi w rele tèt ou pitit Bondye? Sa sanble sodomit pou mwen. Ou wè? Se pa pou blese santiman w, men pou di w Laverite. Lanmou korije. Li toujou konsa. Manman an pap pran swen pitit li, epi korije li epi fese li, epi fè li reflechi, se pa si tèlman gen manman sou li. Se vre.

167 Kounye a, gade sa k ap pase kounye a. Moyiz te wè sa pa vizyon. Epi Farawon te di: "Sa a *ekstrawòdinè*." Bondye te di, "Se yon abominasyon." Se konsa, Bondye... Moyiz te chwazi sa Bondye te di.

168 Kounye a, remake, lafwa wè sa Bondye vle ou wè. Ou wè? Lafwa wè sa Bondye wè.

169 Epi rezònman ak sans yo wè sa monn nan vle nou wè. Remake rezònman, "Enben, se sèlman sans lòm. Se sèlman—sèlman rezonman ki fè sa a...sa a se...Ebyen, èske sa a pa bon menm jan an?" Ou wè? Se jis egzakteman, lè w itilize sans sa yo ki kontré ak Pawòl la, ou wè, lè sa se sa ke mond lan vle ou wè.

170 Men, lafwa pa gade sa. Lafwa gade sa Bondye te di. Ou wè? Ou konnen, ou rejte rezonman.

171 La rezon, fakilte rezònman, wè sa mond lan vle ou wè: gwo denominasyon. Bon, èske w se yon kreyen?

"O, mwen se—mwen se Prezbiteryen, Metodis, Literyen, Pannkotis, elatriye. Mwen se sesi, sela, oswa, ou se *lòt bò*, ou wè."

Sa, sa se sans yo. "

Mwen fè pati premye legliz la, ou wè. O, mwen se Katolik. Mwen—mwen se sesi, sela, ou wè."

Ou di sa. Koulye a, sa, se sans yo. Ou renmen di sa paske se yon denominasyon, yon gwo bagay.

"Ebyen, nou—nou—nou gen plis manm, prèske, pase nenpòt legliz ki nan mond lan, ou wè. Nou..."

172 Men, gen yon sèl Legliz reyèl, epi ou pa rantre nan Li. Ou fèt Ladann. Ou wè? Men, si w fèt ladann, Bondye vivan an ap travay nan ou, pou revele Tèt Li. Ou wè? Se kote Bondye rete, nan Legliz Li. Bondye al legliz chak jou, Li jis ap viv nan legliz la. Li rete nan ou. Ou se Legliz li. Ou se Legliz Li a. Ou se Tabènak kote Bondye abite. Ou se Legliz Bondye vivan an, ou menm. Men, si Bondye vivan an ap viv nan èt vivan Li, Lè sa a, aksyon w yo soti de Bondye; si se pa sa, alò Bondye pa la. Li pa ka fè w aji konsa, lè Li di nan Pawòl la isit la, plan Li a, "Pa fè sa," epi w al fè li. Ou wè, sa pa bon. Lè w refize li, alò, sa montre Lavi pa menm nan ou. Ou wè? Se vre.

173 Lafwa te mennen Moyiz sou chemen obeyisans la. Remake, Moyiz fè... Gen jèn farawon an, gen jèn Moyiz, toulède avèk opòtinite a. Moyiz wè imilyasyon pèp la, li konsidere I pi gwo trezò pase tout sa peyi Lejip te genyen. Aprè sa, li, te dirije pa lafwa, li te swiv sa lafwa te di nan Pawòl la, epi li mennen I nan chemen obeyisans la, epi finalman pou Laglwa, imòtèl, pou pa janm mouri, nan Prezans Bondye. Vizyon ak sans yo, kondwi, ak ekstravagans, kondwi Farawon nan lanmò, ak destriksyon peyi Lejip, nasyon li a, epi li pa janm tounen ankò.

174 Se sa. Gade sa, ou mouri. Gade Sa a, w ap viv. Kounye a fè chwa w. Se menm bagay Bondye te mete devan Adan e Èv, nan jaden Edenn nan. Ou wè? Pa lafwa, ou dwe fè chwa w.

175 Kounye a, remake, sans wè te mennen Farawon nan lanmò li, ak nan destriksyon vil li a.

176 Moyiz, avèk lafwa li, pa t janm pè Farawon. Ou wè? Li pa t bay enpòtans a sa Farawon te di. Li pa t bay Frarawon enpòtans, pa plis pase manman l ak papa l te bay enpòtans a menas yo. Lè Moyiz te konfime a li menm, kidonk se te moun ki t ap delivre Ejip... oswa mennen pèp Izrayèl la soti nan peyi Lejip, li pa t janm bay enpòtans a sa Farawon an te di. Li pa t pè l. Amèn, amèn, amèn! Ou wè sa m vle di a?

177 Pa gen laperèz nan lafwa. Lafwa konn sa. Lafwa, jan mwen toujou di, li te gen gwo misk, ak cheve sou pwatrin li. Lafwa te di, "Silans!" epi tout moun fèmen bouch. Se tou. "Mwen konnen ki kote mwen ye!"

Rès yo di, "Ebyen, petèt ke se vre." Ou wè?

178 Men, ou dwe leve kanpe epi montre gwo ponyèt ou yo. Se tou. Lafwa fè sa.

179 Remake, Moyiz pa t janm gen lakrent pou Farawon aprè ke Bondye te vin konfime apèl li a. Lè Moyiz te kwè yo te rele l pou sa, men lè Bondye te di l anwo a, li di: "Se konsa," epi li desann, li fè Farawon an wè li ak tout rès pamì yo, yo te voye l pou fè sa, Moyiz pa t janm pè Farawon.

180 Men, remake, Farawon te itilize sajès li sou Moyiz. Gade. Li te di, "Mwen pral di ou sa, mwen—mwen pral fè yon akò avèk ou." Apre kalamite yo te fin devore l, li te di: "Mwen pral fè yon kontra avèk ou. Jis ale pou yon ti adorasyon, twa jou. Jis ale tèl distans, men pa ale pi lwen." Men, ou konnen, sa...sa a se sans Farawon yo ki te di l sa, ou wè, "Jis ale tèl distans epi pa ale pi lwen."

181 Èske nou pa gen menm bagay sa a jodi a? "Si w jis rantre nan legliz la, se kòrèk."

182 Men, nou konnen, fwa Moyiz te genyen an pa t kwè nan yon reliyion "apeprè". Li te di: "Nou tout prale. Nou prale jiskobou." Se sa. "Nou pral nan peyi pwomès la. Nou pa jis soti isit la epi al fè yon denominasyon, epi rete la. Nou kontinye vanse." Amèn. "M ap mache nan direksyon peyi pwomès la. Bondye te pwomèt nou."

183 Konbyen Farawon nou genyen jodi a ki kanpe dèyè chè, chèf òganizasyon yo! "Kounye a, si ou jis fè sa a, epi fè sa a, se kòrèk. Ebyen, ou wè, jis apeprè."

Men Moyiz te di: -Non! Non, non! Non, non!" Ou wè?

184 Farawon te di: "Ebyen, pouki se pa kontrè a? Si ou pral gen jan de reliyon sa, mwen pral di w sa pou fè: Jis ou menm ak ansyen yo al adore, ou wè. Jis ou menm ak ansyen yo al adore. Paske, nou tout ka genyen jan de reliyon sa a, men pa pote l nan mitan pèp la."

185 Ou konn kisa Moyiz te di? "Pa menm gen yon zago bêt ki ap rete dèyè. Nou prale jiskobou. Nou tout prale! Mwen pa prale sof si yo ale tou. Epi, osi lontan ke mwen la, mwen sou do men w." Amèn. "Mwen pa prale sof si yo ka ale tou, e se tou." O, ala yon sèvitè brav! Amèn. "Mwen vle pran yo avè m. Jis paske mwen genyen l, epi mwen chita byen rèd epi di, 'Ebyen, bon, sa a se byen'? Non, mesye. Nou vle pèp la tou. Nou chak prale." Amèn. Li te di, "Nou p ap menm kite okenn mouton, oswa nenpòt bagay, dèyè. Nou pa pral kite yon sabo dèyè. Nou tout pral nan peyi pwomès la." Amèn!

186 "Nou chak! Kit ou se yon madanm marye, oswa ou se a—yon ti sèvant, kit ou se yon famm aje, oswa yon jenn gason, oswa yon gason aje, oubyen kèlkeswa sa w ye, nou prale, nenpòt ki fason an. Nou pa prale kite anyen." Amèn. "Nou tout prale, e nou menm tou nou pa pral estope ankenn lòt." Se vre. O lala! Relijyon sa yo te reyèlman nan yon deba la, pa vre? O lala!

187 Non, Moyiz pa t kwè nan reliyon sa a ki "apeprè". Non, li pa t kwè nan sa. En-eh. Wi mesye. O, lala!

188 Nou te kapab rete tout jounen an sou sa, men mwen te rive nan tèks mwen an aprè yon moman answit kòmanse preche.

189 Remake, remake sa, ala bèl! O, mwen renmen sa a. Ou konnen, Finalman, Farawon te di: -Soti! Bondye te jis maltrete l, atravè vwa Moyiz. Li frape tout bagay. Li te fè tout sa ki te dwe fèt. Li te estope... li te fè soleÿ la sispann bay limyè, nan mitan lajounen. Li te fè tout lòt bagay yo. Li—li te rann jou yo sonb. Li pote krapo, tik, pou, tout lòt bagay, dife, lafimen, ak lanmò pou fanmi li, elatriye. Li te fè tout bagay jiskaske, finalman, Farawon te oblige di, "Soti! Pran tout sa w genyen epi ale." O, lala! Lwanj pou Bondye!

190 Mwen tèlman kontan ke yon nonm kapab sèvi Bondye konsa nèt jiskaske, dyab la, pa konn sa pou fè avè l. Se vre. Jis obeyi Bondye konsa nèt jiskaske dyab la di, "O lala, ale! Mwen—mwen pa vle tande l ankò." Se vre. Ou ka fè li, konsa nèt.

191 Gade kounye a, si—si Bondye pa t ap sipòte Moyiz, alò li ta tounen yon sijè rizib. Men, Bondye te la, ap konfime. Tout sa l te di yo te rive vre.

192 Epi farawon te oblige kenbe pozisyon l, paske li te yon evèk, ou konnen, kidonk li—li te oblige rete la. Li pa t kapab refize. Li pa t 'kapab di non, paske sa te déjà reyalize. Ou wè? Li

pa t kapab-li pa t kapab nye sa, paske li te deja reyalize. Se konsa, finalman li di, "O, jis pati! Mwen pa vle tandem w ankò. Soti la! Pran tout sa ou genyen, epi ale!" O lala!

193 Kounye a, nou jwenn Moyiz la, aprè ke Bondye te fè anpil bagay pou li, Li te fè anpil mirak ak bèl bagay. Kounye a, pou pwochen kenz minit yo, ann apwofondi sou sa isit la. Epi gade byen. Moyiz vini nan plas sa a kote li...

194 Bondye te di: "Mwen avèk ou. Pawòl ou yo se Pawòl mwen. Mwen te pwouve sa pou ou, Moyiz. Ou menm, lè pa t gen mouch nan peyi a, li pa t nan sezon an, epi ou te di, 'Kite mouch vini,' epi mouch te vini." Sa se kreyasyon. Kiyès ki kapab mennen fènwa sou tè a, si se pa Bondye? Li te di: "Se pou gen fènwa," epi te gen fènwa. "Ou te di, 'Kite Gen krapo,' e krapo yo menm antre lakay Farawon an, nan kabann yo, answit yo te rasanble yo an gwo pil." Kreyatè! "Epi mwen te pale atravè ou, Moyiz, epi—epi fè Pawòl mwen an kreye atravè bouch ou. Mwen fè w tounen yon bondye devan Farawon." Wi mesye. "Mwen te fè tout bagay sa yo."

195 Answit yo rive nan yon kote, yon ti eprèv vini, epi Moyiz kòmanse rele, "Kisa pou m fè?"

196 Mwen vle ou remake. Sa a se yon gwo leson isit la kounye a. Mwen renmen sa, ou wè. Gade, Moyiz, si nou li pi byen la a, Mo...Lè, timoun yo kòmanse pè, yo te wè farawon t ap pwoche, nan liy misyon an.

197 Bondye te fè tout bagay pafètman. Kounye a, li te kòmanse gide yo nan vwayaj la. Li te rasanble legliz la ansanm. Yo te aple pou sòti. Yo soti nan chak denominasyon. Yo tout te mete tèt yo ansanm. Moyiz te tounen laba a, li te di: "Seyè, kisa pou m fè?"

198 Li te di, "Ebyen, al fè sa." Ebyen, al pi devan. "Kounye a, Moyiz, ou menm konnen ke Mwen te rele ou pou fè travay sa."

"Wi, Seyè."

199 "Ebyen, al preche sa a, epi li pral akonpli, " Men mouch yo vini. "Pwononse sa a," epi li va parèt isit la. "Fè sa a," li te parèt isit la. Tout bagay se ENSI DI SEYÈ A, ENSI DI SEYÈ A, ENSI DI SEYÈ A! Kounye a li gen pwoblèm..."

200 Epi, Bondye te di: "Kounye a, mwen fè yo kòmanse vwayaj la. Yo tout te rele pou sòti. Legliz la ansanm, kifè Mwen rasanble yo pou vwayaj la. Kounye a, Moyiz, pran yo sou kontwòl ou. Mwen te di ou fè sa. Mwen Menm pral chita pou repoze yon ti tan."

201 Moyiz te di: "O Seyè, gade kiyès k ap vini, men Farawon ap vini! Moun yo nan tout... Kisa mwen dwe fè? Kisa mwen dwe fè?" Gade la, èske se pa fason èt imen an? Wi mesye. Kòmanse ap rele, "Kisa mwen dwe fè?"

202 La nou wè Moyiz eksprime, totalman nati imen li, toujou vle Bondye kanpe dèyè w pou pouse w fè yon bagay. Kounye a, sa se nou menm jodi a. Ou vle Bondye, apre nou fin wè tout sa nou te wè yo, men ou vle Bondye pouse w fè yon bagay. Ou wè?

203 Moyiz te jis dekoraje, li te di: "Bondye, m ap mande w, gade sa. Ou di. Wi, wi, ou di li. Ebyen, dakò, mwen pral di l, tou." Ou wè?

204 Men, la, Bondye te òdone I pou travay la, li te pwouve ke li te avèk li. E vwala li te la, sikontans lan te prezante, alò li te kòmanse rele, "Kisa m ka fè? Seyè, kisa m ka fè?"

205 Kounye a nou sonje, li te déjà pwofetize la, paske li te di: "Ejipsyen sa yo ke n ap gade jodi a, nou pap wè yo ankò." Answit, imedyatman li te kòmanse rele, "Bondye, kisa nou ka fè?" Ou wè? Apre li te fin fè yon trè bon travay lè li te pwofetize a. Ou wè, li te di yo sa ki pral rive. Si Pawòl Bondye a te nan li, Li te nan li. Men, lè li te di sa, li te rive tout bon. Sa li te di a te déjà kòmanse reyalize, epi li t ap rele, "Kisa m pral fè?"

206 O, si se pa lòm! Si se pa mwen! Si se pa mwen! Ou wè?

207 Li te déjà pwouve: "Sa w di a pral rive. Mwen avè w."

208 Epi la yon sikontans prezante nan yon ti moman. "Kisa m dwe fè? Kisa m dwe fè, Seyè? Ey, Seyè, ki kote ou ye? Ey, èske ou tandé mwen? Kisa m dwe fè?" Epi li te déjà òdone I, epi konfime I, li pwouve ak travay tout bagay atravè li. Epi la, "Bondye?" O lala! Konplètman eksprime, moun vle repoze epi kite Bondye fè ba yo bourad.

209 E, poutan, li te konnen ke Bondye te wenn li pou travay sa a, pou fè sa, epi Bondye te klèman konfirme reklamasyon li yo. Li te tan pou pèp la delivre. Bondye, atravè mirak ak bèl bagay li yo, te rasanble yo tout ansanm nan yon sèl gwoup. W ap swiv mwen? Rasanble yo tout ansanm nan yon sèl gwoup, ap revandike reklamasyon I yo. Ekriti yo te di sa; la se te siy lan, la se te prèv la, la se tout bagay li te di yo. Aprè sa, li vin nan mitan yo tankou yon pwofèt. Kèlkeswa sa I te di a, Bondye te onore I, menm pou kreye ak sisite mouch, epi mennen bagay vin pran egzistans. E tout sa Li te pwomèt li, la li te fè I.

210 Men, li te vle tann ENSI DI SEYÈ A. Ou wè? Li

ta dwe konnen ke konfirmasyon nan anpil apèl se te ENSI DI SENYÈ A. Ke veritab travay li te òdone pou fè a se te ENSI DI SEYÈ A. Èske w konprann? Hmm! Poukisa li te rete ap tann ENSI DI SEYÈ A?

211 Li te vle, "Seyè, kisa m ka fè? Men mwen ki te mennen timoun sa yo soti la, byen lwen. Men nan sikostans sa, Farawon ap vini. Yo tout pral mouri. Kisa m dwe fè? Kisa m dwe fè?" Hum! Hum!

212 Li te déjà predi sa yo pral fè. Li te déjà di trè egzakteman kisa pou fè,. Li te prevwa fen pwòp nasyon kote l te grandi. Mwen espere ou konprann. En? Moyiz te déjà di, "Ou pap wè yo ankò. Bondye pral detwi yo. Yo te pase w nan betiz ase lontan. Bondye pral detwi yo." Li te déjà prevwa sa ki pral rive yo.

213 Apre sa, "Seyè, kisa pou m fè?" Ou wè nati imen an la? Gade? "Kisa m dwe fè? M ap tann ENSI DI SEYÈ A." Wi mesye. "Mwen pral wè sa Seyè ap di, Lè sa, mwen pral fè li." En!

214 Sonje byen, te gen yon farawon ki te pran twòn nan ki pa t konn Joseph, ou konnen, nan tan sa, jis nan moman sa. Ou wè? Ou wè? Answit Moyiz te kanpe djanm e li te predi lafen nasyon sa a.

215 Epi, la, li te jis nan plas kote sa te gen pou l rive a, apre sa, li tap rele: "Kisa pou m fè, Seyè? Kisa mwen dwe fè?" Ou wè? Èske se pa lòm? Èske se pa jis nati imen an? "Kisa m ta sipoze fè?" En!

216 Li te déjà pwofetize. Bondye te onore tout sa li te di, epi yo te rele l pou travay la, kidonk poukisa l te oblige di, "Kisa m dwe fè?" Te gen yon bezwen; li te jis gen pou li pale pwononse l. Bondye te vle Moyiz mete don fwa li te ba li a leprèv. Bondye te pwouve l. Se te Laverite.

217 Epi, Bondye te vle Moyiz, te vle pèp la wè ke Li te avèk Moyiz.

218 Epi li menm, lòt bò a, ki tap tann epi tap di: 'Bon, Seyè, m jis on bebe, map tann ke Ou di m. Wi, m pral fè sa. Mwen gen ENSI DI SEYÈ A.'

'Frè, èske se ENSI DI SEYÈ A?'

'Wi, wi, Frè Moyiz, se ENSI DI SEYÈ A.'

'Dakò, nou genyen l kounye a, ENSI DI SEYÈ A.

219 Epi sa a rive. Li pa janm echwe on sèl fwa. Li pa janm echwe.

220 Epi la a, nan sikonstans sa yo, sa a tounen ankò. Kounye a, Li fè yo kòmanse vwayaj la. Yo deja rele legliz la, yo kòmanse vwayaj la, epi yap vanse. Epi Moyiz kòmanse rele fò: ‘Seyè, èske se ENSI DI SEYÈ A? Kisa pou m fè?’ Trè byen.

221 Bondye te vle ke Moyiz mete fwa li, ke Li te ba li, nan don sa a ke L te konfime klèman. Bondye te klèman pwouve a Moyiz epi a pèp la ke se te Limenm, pa Pawòl la epi pa bagay yo ki te anonse ki te akonpli. Li te klèman idantifye. Li pat bezwen enkyè ankò sou sijè sa. Wè? Li pat bezwen panse a sa ankò, paske sa te deja klase. Li te deja fè bagay sa yo. Epi li te deja pwouve ke atravè dè mouch epi vèmin, li te pale epi bagay te kreye, epi ke Pawòl Bondye a te an li.

222 Alò la a, li pral mande kounye a kisa pou I fè, lè sikonstans yo pral vin devan I. Wè? Oh lala!

223 M espere ke sa pral antre fon andedan nou, epi ke nou ka wè nan ki stad nou ye. Wè? Èske sa pa fè nou santi, nou gwosè sa? Alò ke nap panse a Moyiz epi nap rakonte erè li, epi nap gade pa nou yo. Wi. Wè?

224 Li te kanpe la a, wè? Li te konnen ke Ekriti yo tap di, ke li te lè, epi ke se te jou a pou ke sa rive, epi li te konnen ke Bondye te rankontre I nan on Kolonn Dife. Epi Li prezante L devan pèp la epi Li akonpli mirak sa yo. Epi tout sa I te di, te akonpli, jiska kreye dè bagay. Ap fè dè bagay ke Bondye sèl te ka fè, ap montre ke vwa I se te Vwa Bondye.

225 Epi men sikonstans lan, kote nou wè I kanpe, alò ke li tap kondwi pèp sa a nan tè pwomiz la, epi li rele: ‘Kisa pou m fè?’ Sa son èt imen, ki jis vle...

226 Tankou Frè Roy Slaughter, m kwè ke li chita la a, dèyè pòt la, li di m on lè, apwopo de yon moun, ki te fè m on bagay. Epi mwen di: ‘Ebyen, mwen fè sa, epi kounye a se sa.’

227 Li di: ‘Frè Branham, si ou kite yo apiye sou zepòl ou, demen, wap oblige pote yo.’ E se konsa ke èt imen yo ye. Yo apiye sou zepòl ou jodi a, epi demen ou pote yo.

228 Men li, se sa Moyiz tap fè. Bondye te dwe pote li apre ke Li te òdone I epi L te pwouve I ke I te dwe fè sa! Epi pèp la te sipoze di: ‘Moyiz, pwononse Pawòl la. Mwen wè w ki fè I lòt bò a. Bondye te onore w lòt bò a, epi ou se menm lan jodi a.’ Amèn. Wè? ‘Fè !’ Amèn. Li te dwe konn sa, men li pat konnen. Trè byen. Jis menm jan I te ye lè sa a, se konsa I ye jodi a. Nou dekouvrir sa. Kidonk Li te di: “Mo-...”

229 Bondye dwe jis te gen ase ak sa. Bondye dwe te jis bouke avè I. Li te di: “Poukisa w ap kriye ban Mwen? Èske M pat deja pwouve idantifikasyon Mwen? Èske M pat di w ke M te voye w pou djòb la? Èske M pat di w al fè sa? Èske M pat pwomèt ke M tap fè sa; ke M tap

avèk bouch ou, epi M tap pale nan ou epi M tap fè sa, epi ou tap montre siy ak bèl mèvèy? Èske M pat pwomèt pou M fè sa? Èske M pat fè sa egzakteman, epi te detwi tout lènmi nan viwonn ou? E men w kanpe isi a kounye a, nan Lamè Wouj, dwat nan liy devwa a, kisa M te di w fè, epi ou toujou ap rele fò epi rele ban Mwen. Èske w pa kwè M? Èske w pa ka wè ke M te voye w pou fè sa?" O, si se pa èt imen! O la la! Kidonk Li jis dwe te vrèman bouke avè I.

230 Epi L te di: "Ou konnen w bezwen sa. Ou konnen si w pral mennen timoun sa yo nan tè ki te pwomèt sa a. Se egzakteman. Ou fenmen la nan on kwen. Pa gen anyen lòt ou ka fè. Kidonk gen yon bezwen. Poukisa w ap kriye ban mwen? Poukisa w ap gade M? Poukisa w ap rele M? Èske M pat pwouve I bay moun yo? Èske M pat pwouve I ba ou? Èske M pat rele I? Èske li pa selon Lekriti? Èske M pat pwomèt pou M te mennen moun sa yo nan tè a? Èske M pat rele w pou di w M tap fè I? Èske pat rele pou di M te voye w pou fè I, ke se pat ou, se te Mwen? E M tap desann epi M tap avèk po bouch ou, epi kèlkeswa sa w te di, M tap konfime li epi pwouve li. Èske M pat fè I?

231 "Alò, lè nenpòt ti bagay vini, poukisa w aji tankou on bebe? Ou ta dwe yon nonm. Pale ak moun yo," amèn, "apresa avanse!" Amèn. Men nou. "Pa kriye. Pale!" Amèn. O, m renmen sa. "Poukisa w ap kriye ban Mwen? Jis pale ak moun yo epi avanse pou objektif ou. Kèlkeswa sa I ye a, si se maladi, oswa kèlkeswa sa I ye a, pou leve mò an, oswa kèlkeswa sa I ye a, pale! M te pwouve I. Pale ak moun yo."

232 Ala on lesion! Ala on lesion, o la la, nan stad sa a nan vywayaj kote m kanpe a. Gade kote nou ye kounye a, wi, mesye, nan Twazyèm Pull la. Remake, nou isi a menm nan pòt la, de Vini Seyè a.

233 Li te wenn pou on djòb, e toujou ap tann pou ENSI DI SEYÈ A. Bondye dwe te jis bouke ak sa. Li te di: "Pa rele fò ankò. Pale! M te voye w."

234 O Bondye, kisa Legliz sa a ta dwe ye maten an! Ak konfirmasyon pafè Bondye a, ak Kolòn Dife a ak siy ak bèl mèvèy, tout bagay jis jan sa te ye nan jou Sodòm yo. Li te di sa tap retounen ankò.

235 Men mond lan nan kondisyon li. Men nasyon an nan kondisyon li. Men fanm yo nan kondisyon an. Men gason an nan kondisyon an. Men legliz la nan kondisyon an. Men tout bagay. Eleman yo, siy yo, soukoup volan yo ak tout bagay nan syèl la, ak tout kalite bagay mistè, ak lanmè a ki dechennen, radmare, kè lòm kap defayi, perèz, tan an ki pa sèten, dètrès nan mitan nasyon, legliz ap kraze.

236 E òm peche a ap monte, ki kenbe tèt li anlè tout bagay; ke yo rele Bondye, sila ki chita nan yon tanp Bondye, ap montre tèt li, o la la, epi sa a rive nan nasyon sa a. E legliz la te

òganize, e yo tout te rasanble ansanm, tankou pwostitye de pwostitye a, ak tout bagay egzakteman nan direksyon pwostitisyon an.

237 Pwostitisyon, kisa l ye? Ap di famn yo ka koupe cheve yo, ap di famn yo ka met bout pantalon, di mesye yo ka fè sesi epi yo ka fè sela; epi predikatè yo ki di: ‘fè sa’, epi yon levanjil sosyal ak bagay. Nou pa wè, se komèt adiltè ak vrè Pawòl Bondye a!

238 E Bondye te voye vrè Pawòl Li ba nou, ki pa denominasyonèl, pa gen kòd ki mare nan Li, epi Li ban nou Kolòn Dife an, Sentespri a ki te avè nou kounye a depi trant an. E tout bagay ke Li te predi epi te di, rive egzakteman fason L te fè l la.

239 Pale ak moun yo, epi avanse. Amèn. Nou gen yon objektif, se Glwa. Ann deplase al ladan L. N ap pran direksyon Tè pwomiz la. “Tout bagay posib a sila yo ki kwè.” “Pale ak moun yo. Èske M pat pwouve li. Èske M pat menm gen foto M ki te fèt nan mitan nou, epi tout lòt bagay, epi èske M pat te fè tout bagay ki te ka fèt, pou pwouve ke M avè nou? Èske magazin yo, sa fè jis kèk semèn, pa soti atik la, lè w te di isi a nan chè a ke sa tap fèt isi a, epi twa mwa davans, epi men li t al fèt epi konfime? Menm lasyans okouran de sa. E tout bagay ke M te fè yo, epi ou toujou ap tann. Pale ak moun yo epi avanse nan objektif ou a.” Amèn.

240 Èske Nathan pat pale ak David? Nathan, pwofèt la, on fwa te chita, nan wè David wa wen an, li te di: “Fè tout sa ki nan kè w, paske Bondye avè w.” Li te di David: “Fè tout sa k nan kè w. Bondye avè w.”

241 Jozye te wenn pou pran tè a pou Bondye epi pou pèp li. Jou an te kout. Li te bezwen plis tan pou l fè djòb la ke l te wenn epi ke li te komisyone pou fè. Jozye, yon nonm, li te wen. Bondye te di l: “Menm jan M te ak Moyiz, M ap avè w.” Amèn. “Tè sa a, M pral ba yo l. E m vle pou n al lòtbò a epi netwaye retire Amalesit yo, epi—epi Hit—...Tout—tout lòt yo, Filisten yo ak—ak Ferezi yo, ak tout diferan yo, netwaye fè yo soti. M avè w. M ap...Pyès nonm pap kanpe devan w, tout jou nan vi w. Pyès nonm pa ka deranje w. Ale lòt bò a.”

E Jozye te rale nepe sa a epi te di: “Swiv mwen!”

242 E li te rive lòtbò la a, e men l tap goumen. E kisa sa te ye? Li dewoute lènmi a. Yo te dè ti gwoup *isi a* epi dè ti gwoup */a a*. Lè lannwit vini, yo tout tap reyini ansanm epi yo reyini an ganizon, epi vin ak on fòs kont li. E solèy la tap desann. Li te bezwen plis limyè. Solèy la tap desann. Li pat tonbe soujenou l epi di: “Seyè Bondye, kisa m dwe fè? Kisa m dwe fè?” Li te pale! Li te gen on bezwen Li te di: “Solèy, ret kanpe!” Li pat kriye pou anyen. Li te kòmande: “Solèy, ret kanpe!” M bezwen sa. M se sèvitè Seyè a, ki wenn pou djòb sa a, epi m gen on bezwen. Ret kanpe, epi piga w klere... Epi, lalin, ret pandye la a kote w ye a,” jouk li te fin konbat batay la epi l fin kale nèt. Epi solèy la te obeyi l.

243 Pat gen rele. Li te pale ak solèy la, te di: "Oumenm ret kanpe. Solèy, pandye la a! Epi, lalin, oumenm ret kote w ye a." Li pat rele: "Seyè, kounye a kisa m ka fè? Ban m enpe plis limyè solèy." Li te bezwen solèy, kidonk li te kòmande I, epi solèy la te obeyi I. O la la! Li te kòmande solèy la pou ret kanpe.

244 Sanson, ki wenn, te leve, Bondye te òdone I, te resevwa yon don pwisans, te òdone pou detwi nasyon Filisten yo. Òdone, te fèt sou tè a, Bondye te wenn li, pou detwi Filisten yo. Epi yon jou yo te pran I deyò nan chan an, san nepe li, san on lans. Epi mil nan Filisten ak pwotèj defans sa yo kouri sou li an menm tan. Èske I te tonbe epi di: "O Seyè, m ap tann yon vizyon? O Seyè, kisa m dwe fè? Dirije m kounye a nan sa pou m fè?" Li te konnen li te gen on bezwen. Li pat jwenn anyen sof on vye zo machwa yon milèt, epi li bat mil Filisten. Amèn!

245 Li pat janm kriye bay Bondye. Li te sèvi ak don wen li a. Li te konnen ke yo te voye I pou djòb lan. Li te konnen li te fèt pou sa. Li te konnen li te wenn ak on don, epi I bat mil Filisten. Li pat kriye bay Bondye. Bondye te òdone I epi te konfime ke se sa I te ye, pa lòt bagay ke I te fè. E li te yon sèvitè Bondye konfime, wen, pou detwi Filisten yo, epi I te fè I. Sa pa enpòtan kisa sikontans yo te ye, li te fè I. Li pat janm mande anyen. Se te djòb li. Ke, Bondye tap aji atravè li; te ranmase zo milèt sa a epi al bat Filisten yo. Kijan...

246 Poukisa, on kou ak bagay sa a, atravè youn nan zo tèt an leton on pouz edmi kon sa a, tap kraze zo sa a nan milyon ti moso. E I te bat mil nan yo, epi te touye yo, epi te toujou kanpe avè I nan men li.

247 Li pat poze okenn kesyon. Li pat rele. Li te pale. Li te dewoute yo. O la la! "Pran Filisten an, èske m ka pran Filisten yo, Seyè? M—m konnen W te voye m fè I, Seyè. Wi, Seyè, m konnen W te voye m pou detwi nasyon Filisten sa a. Kounye a isi a, mil nan yo nan viwonn mwen, epi m pa gen anyen. Kisa, kisa m pral fè kounye a, Seyè?" O la la! Anyen pap deranje I. Li wen pou travay la. Pa gen anyen ki ka fè w mal. Non, pa yon sèl bagay. Alelouya! Li te jis pran sa I te genyen epi li kale yo. Se vre.

248 Lè lènmi ansèkle I anndan, te di: "Kounye a nou pran I nan miray yo, nou pran I kounye a. Nou pran I sou anndan isi a ak fanm sa a. Kounye a nou gen pòt lan fenmen, nan tout viwonn lan toupatou, e li pa ka soti. Nou pran I."

249 Sanson pat kriye: "O Seyè, yo ansèkle m anndan ak denominasyon sa a." Huh! "Uh, kisa m pral fè? M te mete ansanm avè yo. Kisa m pral fè?" Li pat janm fè sa.

250 Li te jis mache soti, epi te rale pòtay la atè, epi mete I sou zepòl li, epi mache ale avè I. Amèn! Li te wen pou djòb la. Bondye te rele I. Yo pat fenmen I anndan. Non, se vre! Li te pran pòtay la avè I. Li pat priye sou sa. Li pat mande Bondye si pou I fè I oswa non. Se te dwat

nan liy devwa a. Amèn, amèn, amèn! Dwat nan liy devwa a. "Poukisa pou rele fò ban Mwen? Pale, epi kontinye!" Amèn! "Pa rele fò. Pale!" Li te fin sispann lamante epi jemi kounye a. Li ta dwe ase gran pou pale. Se vre. Li te konnen don pwisans wen li an te ka detwi nenpòt Filisten ki te kanpe devan I. Amèn.

251 Men nou pa konn sa, nou wè. Nou toujou dè ti bebe, epi ak yon boutèy nan bouch nou.

252 Li te konn sa, li te konnen ke Bondye te leve l pou objektif sa a, e pat gen anyen ki ta pral kanpe devan I, nan tout jou nan vi li. Anyen pat ka detwi I. Li te leve pou objektif sa a, tankou Moyiz te ye a. Anyen pa pral stope I. Okenn Amalesit oswa anyen lòt pa ka stope I. Li sou wout li pou tè pwomiz lan. Sanson te konnen li te sou wout la.

253 Jozye konnen li tap pran tè a. Li te konfime. Pawòl Bondye te pwomèt sa, e Sentespri a te la a ap konfime li.

254 Li te sou wout li, kidonk pat gen anyen ki ta pral kanpe nan chimen I. Non, mesye. D wat nan liy devwa a, ak Bondye, pa tap gen anyen ki ta pral kanpe nan chimen I. Kidonk li te jis ranmase pòtay yo epi mete yo sou zepòl li, te peze apeprè kat ou senk tòn, epi te mache monte sou tèt bit la epi te chita sou yo. Anyen pa ta pral kanpe nan chimen I. Li te gen yon don wen Bondye ba li. Li pat gen pou rele fò: "Seyè, kisa m dwe fè kounye a? Li te deja wen pou fè sa. Se te MEN SA SEYÈ A DI, "Debarase de yo!" Alelouya! "Debarase de yo! M te leve w pou objektif sa a." Amèn.

255 "Kisa m dwe fè, Seyè? Uh, kisa m pral fè isi a nan Lamè Wouj la?"

256 "Èske m pat di w ke M te ba w on montay pou on siy isi a? W ap tounen nan montay la, e ou pral mennen timoun yo nan tè a. Èske m pat rele w pou objektif sa a? Poukisa w enkyè pou nenpòt lòt bagay ki kanpe nan chimen an? Pale, epi kòmanse vanse!" Amèn e amèn! "Ya, m te rele w pou objektif sa a."

257 David, li te konnen li te wen, e te konfime pou l se yon bon tirè. Li te konnen ke yo te konnen li te yon bon tirè. David te wen. Li konn sa. E lè l te kanpe devan Goliath, li pat janm rele fò: "O Bondye, kisa m dwe fè kounye a? Tann, èske m—m dwe...M konn sa W te fè nan tan ki pase yo. Oumenm, Ou kite m touye yon lous, epi W kite m touye yon lyon. Men e pou Goliath sa a deyò la a?" Huh! Li pat janm di sa. Li te jis pale. Kisa l te di? "W ap tankou yo." Li te pale epi l te avanse.

258 Li pat janm priye yon priyè. Li pat janm ofri anyen. Li te konnen li te wen. Amèn. Li te wen, epi fistibal sa a te pwouve bon jan bagay la a. Li te gen lafwa nan onksyon li. Li te gen

lafwa ke Bondye te ka dirije wòch sa a tou dwat nan mitan kas sa a la a, kote sèl kote a te ka frape. Li te kanpe la a.

259 Li te konnen li te yon bon tirè. Amèn. Li te konnen Bondye te fè ke se sa l ye. Amèn. Li te konnen li te touye yon lyon, li te touye yon lous, men se te ak posesyon papa terès li. Men posesyon Papa Selès li! Amèn. Li pat ajenouye atè: "Dwe... Kisa m dwe fè kounye a, Seyè?" Li te pale epi te di: "W ap vin tankou lyon an ak lous la, epi men mwen." Amèn! Glwa pou Bondye! Wi, mesye. Li te pale epi li te avanse pou rankontre Goliath sa a. O la la!

260 Malgre grandè li! Li te on ti bonnom ki te parèt koulè wouj, nou konnen. Li pat twò gwo. Li pat twò bèl pou gade, li te parèt piti. Bib lan te di l te koulè wouj. Kounye a, malgre grandè li epi swa dizan kapasite l pou fè sa.

261 Nou konnen, evèk la—la te di l, te di: "Kounye gad isi a, gason m, mesye sa a se yon teyolojen. Ou wè, li se yon konbatan. Li te fèt yon konbatan e li se yon...Li te yon konbatan, depi jenès li; e ou pa ka fè konpetisyon avè l." E frè l yo te di: "O, oumenm vye koken. Sot isi a pou fè yon bagay kon sa, tounen lakay."

262 Sa pat deranje l. Poukisa? Li te konnen li te wen. "Bondye ki te delivre m anba lyon sa a, Bondye ki te delivre m anba pat lous sa a, L ap delivre m plis pase sa a nan men Filisten sa a. Men mwen. M rankontre w nan Non Seyè Bondye Izrayèl la." Amèn. Li pat priye nèt ale; yo te deja priye pou li nèt ale. Bondye te priye pou li nèt ale anvan fondasyon mond lan. Li te wen pou djòb la. Li te dwe pale epi ale pou pi devan. Se tout sa ki te gen pou fè, jis pale epi ale pou pi devan. O, se tout sa k te gen ladan l. O! Li pat...

263 Frè denominasyonèl li yo, mokè sa yo te kanpe la a, tou, nou konnen. O, wi. Yo te kanpe la a ap di, ap moke epi pran plezi, epi ap di...Frè l yo, nou konnen, epi di: "Ah, ah, ah, ou pa kapab. Ou, ou jis on vye koken." Sa pat afekte l on tikras. "Ou vle pou w diferan de on lòt moun. Ou jis vle kale kò w." Si se te kale kò, se tap sa. Men yo te sèlman gade bò entelekyèl la.

264 David te konnen lwil onksyon an te sou li. Amèn. Sa pat fè okenn diferans pou li. Li te di: "Filisten sa a pral tankou lous la ak Lyon an, kidonk men mwen." Li te predi sa anvan sa te rive. Kisa l te fè? Li te touye lous la. Li te touye Lyon an. Li te fese Lyon an atè ak... Ak kisa? Ak—ak fistibal la, epi te pran on kouto, epi apre lous la. Lyon, li te touye Lyon an ak on kouto. Se menm bagay la li te fè Goliath. Li te fese l atè ak on wòch, epi l te rale nepe li, epi koupe pwòp tèt li, jis la a devan. Kisa l te predi anvan sa te rive? "E w ap menm jan yo te ye." Poukisa? Li te pwononse Pawòl la, epi li te ale pi devan pou fè l akonpli. Amèn. O, frè! Li te pale epi l te pran sitiyasyon jou sa a an men.

265 Si te janm gen yon tan ke lòm te dwe pale, se kounye a. Map fini, jis pwochen kèk minit yo si nou ka jis tann kèk minit an plis. M gen kèk bagay an plis ki ekri isi a, kèk Ekriti m vle rive ladann.

266 Pyè pat janm kriye, lè I te jwenn yon nonm ki te gen ase lafwa pou I geri, lonje nan pòtay ki rele Bèl. Li pat janm ajenouye, epi li pat priye tout lannwit, epi, oswa priye tout jounen, oubyen fè on gwo priyè, long, epi di: "Seye, m priye W kounye a ke W va ede pòv nonm enfim sa a. M wè ke I gen lafwa. M konnen li se yon kwayan. E m te mande I, e li—li...Mwen—m—m...Li te di I te gen lafwa, li te kwè sa m te di li. E m te pale I de...de sa W te di, e m—m jis panse kounye a, Seyè, ke—ke...Èske W ka ban m yon ENSI DI SEYÈ A pou li?"

267 Non, li te konnen ke I te apot wen. Li te konnen Jezikri te komisyone I. "Geri malad yo, leve mò yo, pirifye lepre yo, chase demon. Menm jan w te resevwa gratis, bay gratis." Li te di: "Pyè, al fè sa!" Li pat gen pou priye nèt ale. Li te komisyone.

268 Kisa I te di? Li te di: "Nan Non Jezikri!" Li te pwononse Non Jezikri a, e nonm lan te jis lonje la a. E li te pran I nan men, epi I te di: "Kanpe sou pye w!" Epi I te kenbe la a jouk zo chevi li te pran fòs, epi I te kòmanse ap mache. Poukisa? Li pat janm gen yon reyinyon priyè tout nwit. Li pat janm rele fò bay Bondye. Li te konnen pozitif, nan bouch Jezikri, li te wen pou travay sa a. Ya. Li te pale epi I te leve I, paske I te konnen li te apot wen pou objektif la.

269 Moun ki te lonje nan lonbray li pat janm di: "O, vini, apot Pyè, epi rele fò sou nou, epi priye lapriyè lafwa a pou nou, bay Bondye." Non, non, yo pat janm di sa. Yo te konnen li te yon apot Bondye wen epi konfime. Kidonk yo te di: "Jis kite nou lonje nan lonbray li. Ou pa bezwen di yon mo. Nou konn sa. Nou kwè sa." Lavi anndan yo! Apot la pat ka rive sou yo tout. E yo, yomenm, yo te on pati ladan I.

270 Moyiz te di: "Se pa jis mwen ki prale. Nou tout prale." Nou tout gen on bagay pou n fè. Nou tout dwe wen.

271 E yo te wè apot sa a ki kanpe la a, epi te wè I geri nonm malad la epi fè bagay li te fè yo. Yo konnen li pat ka rive sou yo. Di, yo pat janm di: "Pyè, vini epi—epi ofri priyè, epi tann kounye jiskaske ou gen ENSI DI SEYÈ A, epi vin di m. Wè sa Seyè a di." Yo te di: "Si nou la sèlman lonje nan lonbray li, paske Bondye an menm ki te nan Jezikri nan li, e nou wè menm bagay la ap fèt. Kidonk yo te manyen arebò rad Jezi epi te lonje nan lonbray Li, epi Jezi nan nonm sa a. Si lonbray sa a ka bay reflè sou nou, n ap geri."

272 E Bib lan te di chak gress nan yo te geri. Pat gen reyinyon priyè tout nwit, yo pat di: "Seyè, si m pral lonje nan lonbray apot sa a?" Non, yo te konn sa. Limyè a te frape yo. Kè yo te plen. Lafwa yo te lage. Amèn. Yo te kwè I. Yo te wè I. Mouchwa Pòl yo, menm bagay la.

Kounye a, pou fini.

273 Jezi pat janm rele fò lè yo te pote gason manyak la ba Li, ki te gen epilepsi, ap tonbe nan dife. Li pat janm di: "Papa, M se Pitit Ou, e kounye a Ou te voye M isi a pou fè tèl tèl bagay, ak sa a. Èske M ka geri gason sa a?" Li pat janm di. Li te di: "Soti nan li, satan!" Li te pale, epi gason an te vin geri.

274 Lè Li te rankontre Lejyon, ak demil demon nan li, se pat Jezi ki tap rele fò. Se te demon yo ki tap rele fò: "Si W pral chase nou," o la la, "pèmèt pou nou al nan twoupo kochon sa a."

275 Jezi pat janm di: "Kounye a, Papa, èske M kapab fè sa?" Li te di: "Soti nan li," epi demon yo te soti vit. Sèten, Li te konnen Li te Mesi a.

276 Nan tonm Laza a, li te mouri depi kat jou. Yo te di: "Si W te isi a, Seyè, li pa tap mouri."

277 Li te di: "Mwen se rezireksyon an ak Lavi." Amèn! Pa ki kote, kilè, oswa kijan. "Sila ki kwè nan Mwen, menm si I te mouri, poutan I va viv." Amèn. Li te konnen Kimoun Li te ye. Li te konnen kisa L te ye. Li te konnen ke L te Emayèl. Li te konnen Li te rezireksyon an. Li te konnen Li te Lavi. Li te konnen ke an Li, plenitid Divinite a te abite an Li. Li te wè moun sa yo la a, epi L te wè sa Bondye te di L lè sa a pou L fè, e men Li te la a. Li te desann la a.

278 Li pat janm di: "Kounye a, tann, M ap met ajenou isi a. Nou tout met ajenou epi priye." Li te di "Nou kwè ke M kapab fè sa?" Amèn. Li te mande pou sa.

279 Se pat Li; se te yo. "Ya, Seyè. M kwè ke W se Pitit Bondye ki te dwe vini nan mond lan." O la la! Men Li idantifye. On bagay dwe rive.

280 "Laza, sotil!" Li te pale, epi yon nonm ki mouri soti. Pa: "Èske M kapab?" Li te jis pale. Lè lafwa te rankontre, bagay la te rive.

281 Li pale, Li te pale, epi avèg la te wè, enfim lan te mache, soud la te tandé, demon yo te rele epi soti, mò a te resiste, tout bagay. Poukisa? Li pat priye nèt ale. Li te Mesi wen an. Li te Mesi sa a. Li te konnen se sa L te ye. Li te konn pozisyon Li. Li te konn kisa yo te voye L fè. Li te konnen ke Papa a te idantifye L pou L se Mesi a, pou kwayan an. E lè li te rankontre kwayan sa a ak lafwa, Li te jis pwononse Pawòl la. Dyab yo te gaye. Wi, Mesye. "Pale! Pa rele fò. Pale!" amèn.

282 E Li te konnen dwa L ke Bondye te ba Li, men nou pa konnen. Li te konnen kisa L te ye. Nou pa konnen.

283 Moyiz te blyie. Sanson te konprann. Lòt yo te konprann. Jozye te konprann. Moyiz te blyie. Bondye te dwe atire atansyon I sou sa. Li te di: "Poukisa w ap rele fò ban Mwen? M te voye w pou fè djòb la. Pale, epi kontinye pou objektif ou a. M te di w ou tap vin nan montay sa a. Pran timoun sa yo epi kontinye kondwi yo. Jis pale. Sa pa gade m kisa k sou chimen w, deplase retire I sou chimen w. M ba w otorite pou fè sa. M te pale... Ou te pale mouch ak pis, ak kreyasyon, ak bagay konsa. Kounye a pou kisa w ap rele ban Mwen? Poukisa w ap vin jwenn Mwen, ap rele bagay sa yo? Jis pale e gade I k ap aji, se tou." O la la! O, ala mwen renmen !!

284 Isi a, Jezi, tout bagay ke L te di, Li te jis pwononse Pawòl la, epi se te konsa. Bondye te konfime L kòrèkteman ke L se Ptit Li. "Sa se Pittit byenneme Mwen, nan Li Mwen pran bon plezi. Koute Li."

285 Gade L. M renmen sa. Ala Li te kanpe bravman, ak majeste devan kritik Li yo. Amèn. Li te di: "Detwi tanp sa a, epi M ap priye Papa a epi wè kisa L fè sou sa"? "detwi tanp sa a, epi M ap leve l ankò, nan twa jou." Pa: "M espere fè sa; M pral eseye fè sa." "M ap fè sa!" Poukisa? Lekriti te di sa.

286 Menm Lekriti an ki te di Li tap leve kò Li, ban nou otorite a, Pwisans la. Amèn! "Nan Non M yo va chase demon yo, y ap pale ak novo lang; si yo pran sèpan, oswa bwè bagay mòtèl, sa pap fè yo mal; si yo poze men yo sou malad yo, yo va geri."

"Poukisa rele fò ban Mwen? Pale, epi ale pou pi devan." O, avèk kouraj Mwen...

"Detwi tanp sa a, M ap leve l ankò." O!

287 E sonje kounye a, (n ap fini), se te menm Li sa a. Se te Li ki te di, nan Jan 14:12, ... "Sila ki kwè nan Mwen, zèv ke M fè yo li va fè yo tou." Èske se vre? [Asanble a di: "Amèn."—Editè a.] Se Li ki te di sa.

288 Se te Jezi, nan Mak 11:24, ki te di: "Si w di montay sa a," pa si w priye pou montay sa a. "Si w di montay sa a: 'bouje,' epi w pa doute nan kè w, men ou kwè ke sa w te di a pral rive, ou ka gen sa w te di a." Kounye a nou, si nou di I jis ak pretansyon, li pap rive. Men si on bagay nan nou, ke nou—nou wen pou djòb la, epi n ap konnen ke se volonte Bondye pou fè l, e w ap di sa, li dwe rive. "Si w..."

289 Se te Li ki te di sa. "Si w abite nan Mwen, epi Pawòl Mwen yo abite nan ou, mande sa w vle epi li va fèt pou ou." O la la! O la la! Nou wè sa m vle di? [Asanble di: "Amèn."—Editè a.]

290 Eskize sa, men li jis monte nan mwen. M te dwe di I. Se te Li ki te di, ke jou anwo la a, anndan bwa sa yo, "Ou pa gen jibye." Epi L te kreye twa ekirèy ki te kanpe la a devan m. Poukisa sa fèt? Jis pale pawòl la, di: "Y ap /a a, epi /a a, epi /a a," epi men yo te la. Se te Li ki te fè sa.

291 Charlie, Rodney, Se te Li anba la a nan Kentucky, epi Nellie, Margie, ak rès nan nou. Se te Li, menm Bondye sa a ki te dèyè la a epi te pale ak Moyiz, te di: "Poukisa w rele fò ban Mwen? Pwononse pawòl la!" Se te Li ki mennen yo nan egzistans. Se Li. Se Li. O la la!

292 Se te Li ki bay vizyon an apeprè en an de sa, ki te di nou tap pral lòtbò a, epi Sèt So sa yo, epi kijan ta pral gen yon—yon—yon—yon gran tonè ki tap kòmanse, epi yo tap gen yon fòm piramid. E men *Look* mag...*Life* magazin la te rapòte li, li kwoke sou mi a anndan la a. Se Li ki te di sa.

293 Se Li, nwit sa a lè m tap desann wout sa a epi m te wè gwo sèpan manba sa a ki te sou pwen pou pran frè m. Epi L te di: "Ou bay...yo te ba w Pwisans pou mare I, ou nenpòt ki lòt nan yo." Se Li ki te di sa.

294 A ti madanm mwen ak cheve blan ki chita dèyè la a: Se te Li jou maten sa a, ki te leve m la a nan chanm lan epi Li te kanpe nan kwen an, Li te di: "Pa pè fè anyen, oswa ale nenpòt kote, oswa di anyen, paske Prezans Jezikri ki pa janm fayi a avè w kèlkeswa kote w prale."

295 Se te Li anwo laba a nan Sabino Canyon, apeprè twa mwa de sa, lè m tap priye, m tap mande tèt mwen kisa k ta pral rive. M te kanpe la a, epi yon nepe te tonbe nan men m, epi L te di: "Sa se Nepe Wa a." Se te Li,

296 Se Li ki te di m: "Menm jan M te ak Moyiz, se konsa M ap voye w."

297 Se Li ki te di m, trant an de sa, anba nan rivyè a laba a, etan yon ti gason. Kanpe la a tankou yon ti predikatè, sou rivyè a, trant an de sa, kanpe la a lè Limyè sa, menm Kolon Dife a, desann sot nan syèl epi te kanpe la a, epi L te di: "Menm jan M te voye Jan Batis pou anonse davans premye vini Kris la, Mesaj ou a pral anonse davans Dezyèm Vini an," bay tout mond lan. Kijan sa te ka fèt, lè pwòp pastè m te griyen dan epi pran plezi sou sa? Men sa te rive jis egzakteman fason sa a. Se Li ki te di sa. Wi, mesye!

298 O, kijan se Li ki te di nan pwofesi, bay vizyon an: "Sa va rive." Se Li ki te di: "Si youn nan mitan nou pwofetize, oswa wè yon vizyon, epi di I epi I rive; alò sonje se pat li, se Mwen. Mwen avè I." O la la! Kisa m te ka kontinye, epi di se Li, se Li, se Li!

299 Se Li ki desann, lè m te di yo ke Kolòn Dife a te anba la a sou rivyè a, epi yo pat ka kwè I. Se te Li anba la a nan mitan, lè predikatè Batis sa a, devan trant mil moun nwit sa a,

nan Colosseum Sam Houston, lè yo te pran an foto Zanj Seyè sa a, kanpe la a. Se te Li, menm lan ayè, jodi a, ak pou tout tan.

300 Se Li ki te di davans kote bagay sa yo te dwe ye. Se Li ki te di sa. Se Li ki te fè bagay sa yo. Li se menm lan ayè, jodi a, ak pou tout tan. Li te fè tout bagay jis egzakteman tankou L te di Li tap fè I. Amèn.

301 Poukisa m ta dwe tann? Bondye te konfime Pawòl la. Se Laverite. Ann vwayaje. Ann mache. Ann kontinye sou mach Seyè a, kite tout dout sou kote, tout peche. Netwaye kay la, foubi I.

302 Tankou vizyon Junior Jackson te di, pat gen anyen ki te rete sof lanp; oswa sonj li a, si I chita isi a. Anyen pat rete sof lanp, epi yo te gen senti lò ki antoure yo, nan sonj ke I ban mwen lòt nwit la. O la la!

303 Frè Collins, pa enkyete w pou pwason sa a. Li te blan. Ou jis pa konnen kijan pou jere I.

304 Kite tout lòt bagay ki kontrè a Li sou kote. Sonje, sa se Laverite, malgre kijan Sa parèt fanatik, ak tout lòt bagay, pafwa. Kontinye deplase dwat avè L. Se Sentespri a. Menm Bondye ki te leve Jezikri sot nan lanmò, menm Sila a ki ka pwononse dè bagay nan egzistans, menm Sila a ki te viv nan jou Moyiz yo, se menm lan jodi a.

305 Apèl Li nan dènye jou sa a, Li konfime. "Jan sa te ye nan jou Sodòm yo, se konsa sa va ye nan Vini Fis de lòm lan." Li fin... Men Sodòm anba la a. Men yon Billy Graham ak on Oral ROberts deyò la a. Epi Legliz la ap kontinye deplase, pa menm siy ke L te pwòmèt yo, toude plas yo, e men yo. Se Li ki te di sa.

306 O Seyè, ban m kouraj, se priyè m. Ede m, O Seyè Bondye.

M dwe sispann isi a. L ap vin ta.

307 "Poukisa rele fò ban Mwen? Poukisa w ap rele fò ban Mwen, lè M te pwouve ke M te avè w? Èske M pat geri malad ou yo," ke L tap di? "Èske M pat di w bagay ki te rive jis egzakteman? Pastè nou pa ka fè sa. Mwen! Li pa ka; li se yon nom. Se Mwen, Seyè a," ke L tap di. "M se Sila ki te di sa. M se Sila ki di I bagay sa yo pou di. Se pa li. Se Vwa M. M se Sila a ki leve mò nou yo lè yo tonbe atè. M se Sila a ki geri malad yo. M se Sila a ki di bagay sa yo davans. M se Sila a ki fè sove a. M se Sila a ki bay pwomès la."

308 Bondye, ban m kouraj pou pran Nepe Pawòl sa a ke L mete nan men m apeprè trant an de sa, epi kenbe I epi mache pi devan nan Twazyèm Pull la, se priyè m.

Ann koube tèt nou.

309 Papa ki nan Syèl la, lè a ap vin ta, men Pawòl la ap vin presye. Jan nou wè li, Seyè, chak tan, Prezans Kris ki pa janm fayi toujou rankontre avè nou. Kijan m di W mèsi pou bonte W! Kijan Ou epaye nou epi te...epi beni nou, kijan nou di W mèsi pou sa!

310 Antan m kenbe mouchwa sa yo nan men m, Seyè, se moun ki gen lafwa, ki kwè Sa. Ke chak demon, chak maladi pati sot nan moun sa yo. E m kòmande chak lespri anndan isi a; ki move, e ki pa sot nan Bondye, chak lespri maladi, tout maladi ak afliksyon. Nou pap lonje nan lonbray yon nonm, ki tap trè byen, men nan lonbray Levanjil la, Levanjil konfime.

311 Menm jan gran Kolòn Dife a deplase ale vini atravè bildin sa a, menm Sila ke Bondye te desann gade atravè Li, epi Lamè Wouj te louvri, epi Izrayèl te pase nan li. Men kounye a antan L gade, li wouze ak San Pwòp Pitit Li, lè mizèrikòd ak gras. Ke nou obeyisan. Ke nou sispann di jodi a, ap rele fò. Ke nou reyalize ke Ou te rele nou pou travay sa a. Se lè a sa. M pale sa nan Non Jezikri, ke tout maladi pati sot nan plas sa a.

312 Ke chak gason ak fanm, ki rele Non Jezikri, konsakre vi yo ankò jodi a. M konsakre pa m, Seyè, sou lotèl lapriyè a. M lonje tèt mwen, epi wont sou pwòp tèt mwen epi vire tèt mwen nan direksyon atè a kote Ou te pran m. Seyè Bondye, m wont feblès mwen ak enkredilite mwen. Padone sa, Seyè. Ban m kouraj. Ban nou tout kouraj.

313 M santi, tankou Moyiz, nou tout sou wout soti nou. Nou pa vle kite yon sèl. Nou vle pran chak moun, Seyè. Yo pou Ou. M reklame yo pou Ou. Beni moun sa yo jodi a, Seyè. Akòde li. Epi beni m, avè yo, Papa, e Non Pa W va louwe. Glwa W va pou Ou. Ban nou lafwa Etènèl sa a, Seyè, antan nou konsakre tèt nou ba Ou kounye a.

314 Mwen, sou Bib sa a epi sou lestrad sa a, m ba W vi m, Seyè. M ap depann de chak pwomès ke W bay. M konnen yo pral konfime. M konnen yo se Verite. Ban m kouraj pou pwononse Pawòl sa yo. Ban m kouraj, Seyè. Dirije m nan sa M dwe fè ak di. M ba W tèt mwen, ak legliz sa a, ansanm avè I, Seyè, nan Non Jezikri. Amèn.

Lafwa m...anlè ba Ou,

Ayo Kalvè Ou a,

Sovè Diven;

Kounye tande m pandan m ap priye,

Retire tout peche m,

O kite m apati de jou sa

Pou m pou Ou an antye!

315 Kounye a annou kanpe, vrèman an silans, antan nou fredone I. [Frè Branham ak asanble a kòmanse fredone, *Lafwa M Gad Anlè Ba Ou*—Editè a.]

...ba Ou,

Ayo W...

Ann jis leve men nou ba Li kounye a.

O Sovè...

Konsakre tèt nou bay Bondye kounye a.

Kounye a tandé m pandan m ap priye,

Retire tout dout mwen,

O kite m apati de jou sa

Pou m pou Ou an antye!

316 Kounye a ansanm, ak men nou anlè. [Asanble repete priyè sa a, apre Frè Branham—Editè a.] Seyè Jezi, kounye a m konsakre tèt mwen ba Ou, yon vi sèvis, pi pi, plis lafwa, M rele, ke m te ka yon sèvitè pi aseptab nan vi m kap vini a, pase m te ye nan vi ki pase a. Padone enkredilite mwen, epi restore ban nou Lafwa kite delivre yon fwa bay sen yo. M bay tèt mwen ba Ou, nan Non Jezikri.

317 Kounye antan nou koube tèt nou.

Pandan map pile labirent fènwa lavi a,

Epi chagren gaye nan viwonn mwen,

Se pou W Gid mwen;

Se pou Fènwa vire lajounen,

Lave retire tout perèz mwen,

Pa kite m janm elwaye

Soti bò kote W.

318 Antan nou koube tèt nou kounye a. Nou santi tankou Mesaj maten an te fè nou dibyen? [Asanble di: "Amèn."—Editè a.] Ban nou kouraj? ["Amèn."] Si n ta vle, jis leve men nou bay Bondye, di: "Bondye, m di W mèsi." ["Bondye, m di W mèsi."] M gen toude men m anlè, paske m jis santi m konsa ke sa—sa ede mwen. Sa ban m kouraj.

319 Kèk bagay ke m te di, m pat panse m ta pral di sa, men sa déjà di. Se te yon repwòch pou mwen. M te twouve tèt mwen pat nan chimen ke m te panse te ye, men M te twouve tèt mwen koupab nan rele fò tout tan, olye pou m pale.

320 Bondye, ede m, apati de lè sa a, ke m ap yon sèvitè pi konsakre.

321 Pa sèlman pou mwen m priye. M priye pou nou, tou, ke ansanm, antan ke yon Kò Kris, ki rele sot nan mond lan, ap pare pou Tè pwomiz la, ke Bondye ap ban m kouraj pou pale chimen an, fè chimen an klè konsa nou pap rate pis la. M ap di, noumenm pa gras Bondye, m ap swiv anprend pye L ki gen San Sila ki te ale anvan nou.

Epi kwa ki konsakre ke m pote a,

Jiskaske lanmò va libere m,

Epi al Lakay, pou pot on kouwòn,

Men yon kouwòn pou mwen.

322 Nou ba W sa a, Papa, konsekrasyon nou, nan Non Jezikri, Ptit Ou a. Amèn.

323 [Yon frè kòmanse pale nan on lòt lang. Pati blanch sou kasèt—Editè a.]

324 Nou di Seyè a mèsi pou sa. Mache yon vi konsakre. Abandone tèt nou, pou dousè, imilite. Mache nan Lespri a. Mache, pale, abiye, aji tankou Kretyen, enb epi dous. Pa kite sa echwe kounye a. Vwa Bondye a pale nan Pawòl la, pale atravè don. Antan yon don vini, yon lòt eksprime l, yon lòt vini epi eksprime menm bagay la. Ou wè, sa dwat sèten ak Pawòl la epi dwat ak lè a. Bondye avè nou. Ala nou di L mèsi pou sa! Kounye a si pa nou ...

325 Ak tèt nou koube, si sè nou ta vle ban nou akò a:

Pran Non Jezi an avè nou,

Kòm on boukliye pou tout pyè;

E lè tantasyon sanble nan viwonn nou,

Jis pran souf Non sen sa nan priyè.

326 Jis, jis fè sa, pale Pawòl la epi pwononse Non Li. Ann chante kounye a antan—antan y ap voye nou ale.

Pran Non Jezi avè nou,  
Kòm on boukliye... ak malè;  
L ap ban nou lajwa ak konsolasyon,  
O, pran li tout kote w prale.

Presye Non...

327 Kounye a ann bay youn lòt lanmen, epi di: "M ap priye pou ou, frè, epi w priye pou mwen."

...Syèl;  
Presye Non, presye Non, O ala dous!  
Lespwa latè ak lajwa...

328 Kounye a ak tèt nou koube, ann chante pwochen vèsè sa a.

Pran Non Jezi an avè nou,  
Kòm on boukliye pou tout pyèj;  
Lè tantasyon sanble nan viwonn nou,  
Pran souf Non sen sa nan priyè.

Presye Non, presye non; O ala dous! O ala dous!  
Lespwa latè ak lajwa nan Syèl;  
Presye Non, O ala dous!  
Lespwa latè ak lajwa nan Syèl.

329 Ak tèt nou koube kounye a, ak kè nou avè l, ak reyalizasyon ke Jezi te di: "Sila ki tandé Pawòl Mwen yo epi kwè nan Sila ki te voye M, gen Lavi kap toujou dire epi pa pral nan Jijman an, men pase de lanmò a Lavi." Nan konnen ke, pa gras Bondye a, nou posede sa nan sen

nou; ak on konsekrasyon ba Li maten an, ke lavi nou va chanje, apati de jou sa a, ke nou pral plis pozitif nan panse nou. N ap eseye viv nan sitèlman dousè ak imilite, ke, kwè ke sa nou mande Bondye, Bondye ap bay li bay youn lòt. E nou pap pale mal kont youn lòt, oswa okenn nonm. Nou va priye pou lènmi nou epi renmen yo, fè dibyen a sila yo ki fè nou mal. Bondye se Jij la de Kimoun ki gen rezon oswa ki nan tò. Ak...

330     Sou baz sa a, epi tèt nou koube, m pral mande bon zanmi nou, Frè Lee Vayle, si I va voye oditwa a ale nan yon mo priyè. Frè Vayle.